

Apokalips



APOKALIPS JAN Men sa Jezi Kri fè Jan wè aklè

PREMYE KOZE A

Te gen plizyè kalite apokalips. Te gen apokalips Jwif yo, kòm Liv Enòk. Asansyon Moyiz. Apokalips Bawouk. Testaman Douz Patriyach yo. Pami kretyen yo, gen kèk apokalips ki te parèt tou : te gen Apokalips Pyè, Apokalips Jak, Apokalips Jan. Men sa nou jwenn anndan Nouvo Kontra a, se li sèl yo te aksepte nan Kanon Bib la, lè yo te konpoze Bib kretyen an.

Kisa Apokalips Jan an ye ?

Se yon liv ki vle bay kretyen ki anba pèsekisyon yo lespwa. Yo te ekri 1 nan epòk pèsekisyon lanperè Domisyen lane 96. Jan, ki te yon pwofèt, bay kretyen ki anba pèsekisyon yo fòs ak kouraj pou yo kenbe fèm, pou yo pa janm dekouraje, paske Jezi Kri pral ranpòte viktwa epi 1 ap disparèt moun k ap pèsekite yo a.

APOKALIPS

Jan di tout bagay sa yo nan yon langaj an daki, yon fason sèlman moun ki anndan kominote yo kapab konprann li. Si ti liv sa a tonbe nan men yon sòlda women li p ap konprann anyen nan sa li di, paske li pale ak senbòl moun ki anndan kominote a sèl kapab konprann, epi pou li fè moun k ap pèsekite yo a, pèdi tèt yo.

Kilè tout bagay sa yo Apokalips la di pral rive bout?

Tout sa li di a pral rive touswit (Ap 1,1-3 ; 22,6.7.10.12.20). Nan tout liv Apokalips la gen yon sèl pawòl pwofèt sou tan k ap vini an : **Jezi Kri pral ranpòte viktwa nètale epi patizan l yo ansanm ak li.**

Pou Apokalips la dènye tan an rive ak lanmò ak leve Jezi a. Nou pa dwe tann yon lòt bagay. Sa nou viv se dènye tan yo, paske tout bagay Bondye te pwomèt nou, te rive vre nan Jezi Kri. Bondye ak nou depi kounye a epi pou toutan, epi moun ki asire prezans Bondye a, ki toujou ak nou se Jezi menm ki te leve byen vivan pamì mò yo.

Poukisa yo te ekri liv Apokalips la ?

Kote li vle rive se bay kretyen yo lespwa, kouraj, fòs, pou yo kapab kenbe fèm, pou yo pa janm dekouraje (Ap 1,3 ; 14,13; 16,15 ; 19,9 ; 20,6 ; 22,7 ; 22,14). Yo te ekri liv sa a pou yo pale sou Jezi. Se pa pou yo pale sou Bèt la, oswa Antikris la. Apokalips la pa sèvi ak pawòl Antikris la. Tout liv sa a pale sou Mouton (ki reprezante Jezi) k ap gen viktwa nètale sou tout lènmi li yo. Sa ki nannan liv Apokalips la se Jezi menm, se favè Bondye a, se pa peche a. Sa ki nannan liv Apokalips la se lavi, se pa lanmò, se Gouvènman Bondye a, se pa lanfè oswa destrikson. Se Jezi menm ki pale sou sa nan liv sa a. Se nan li nou dwe mete tout konfyans nou.

Jezi prezante tèt li kòm Sila ki te la, Sila ki la, Sila ki pral vini an (Ap 4,8 ; 1,4). Se Li ki premye a ak dènye a. Se Li ki kòmansman ak finisman tout bagay yo (Ap 22,13). Ak tout pawòl sa yo, Liv Apokalips la prezante Jezi Kri kòm sant lavi nou ak sant litswa moun yo tou.

Nou kapab di Liv Apokalips la pote yon mesaj Levanjil, kidon yon Bon Nouvèl pou nou: renmen an pi fò pase rayisans, lavi pi fò pase lanmò, kè poze pi fò pase vyolans. Nou pa bezwen pè. Wè pa wè Jezi pral reyisi epi nou menm ak li (Ap 5,12).

Tè a pral chanje yon fason total kapital. Li pral tounen yon tè tounèf, dapre sa Bondye renmen an. Konsa kote peche te genyen tout plas la, se favè Bondye a ki pral pran plas la (Ap 7,9-17; Wm 5,20).

Apokalips se yon liv pou litiji a

Se yon kominote ki fè lwanj pou Bondye, ki sen, epi ki gen tout pouvwa. Se yon kominote ki fè lwanj pou Bondye ak Jezi Kri, yon kominote ki sakre kòm pè nan sèvis Bondye. Tout moun ki fè pati Kò Jezi a se Pè yo ye (Ap 1,6 ; 5,10 ; 20,6). Tout bagay Apokalips rakonte, yo te rive nan yon sèl jou: jou dimanch lan, jou Jezi te leve byen vivan an (Ap 1,10).

Men chapant Liv Apokalips la :

1. Premye koze a (1,1-8)
2. Mesaj pou 7 Legliz yo (1,9-3,22)
3. 7 so yo (4,1-8,1)
4. 7 klewon yo (8,2-11,18)
5. 7 siyal senbolik yo (11,19-15,1)
 - Sant Apokalips la: batay ant pèp Bondye a ak bêt la
6. 7 gode yo (15,2-16,21)
7. Jijman Bondye a (17,1-21,1)
8. Jerizalèm tounèf la (21,1-22,5)
9. Finisman an (22,6-21)

Komansman : Tan an pre rive

1¹ Men sa Bondye te fè parèt aklè bay Jezi Kri, pou li te montre sèvitè li yo, bagay ki gen pou rive byen vit. Li voye za--nj li a bò kote sèvitè l Jan, pou fè l konnen sa. ² Se Jan ki sèvi temwen pou tou sa li te wè yo: se Pawòl Bondye, ak laverite Jezi Kri fè nou konnen an. ³ Ala chans pou moun sa a k ap li a ak moun sa yo k ap koute pawòl sa yo, ki pawòl pwofèt, epi ki kenbe sa ki ekri ladan yo, paske tan an pre rive.

Jan voye bonjou bay sèt Legliz Lazi yo

^{3,14} ^{Sòm 89,28; Kol 1,15} ^{1Pyè 2,9} ⁴ Mesaj Jan pou sèt Legliz ki Lazi yo: Favè ak kè poze pou nou ki sòti nan Sila a ki la, ki te la, e k ap vini an, ki sòti tou nan sèt Lespri yo ki kanpe devan fotèy li a, ⁵ epi ki sòti tou nan Jezi Kri, temwen ki merite konfyans lan, premye pitit ki fèt sòti pamì mò yo, chèf tout wa sou tè a. Pou Sila a ki renmen nou, ki delivre nou anba peche nou yo nan san li, ⁶ ki fè nou tounen yon peyi wa ak prêt pou Bondye Papa

1,1-3 : Apokalips se yon liv pou kominate kreyten yo li l epi esplike l nan reyinyon yo. Mo «apokalips» la vle di: bagay yo dekouvri, yo mete aklè. Mesaj la mande pou aji touswit, paske ak lanmò Jezi, epi ak leve l byen vivan an, listwa pèp Bondye a rive nan dènye bout li. Bondye ap kòmanse jijman l, epi l ap mete Gouvènman li an anplas. Misyon Jan genyen an se pou tout kreyten yo: yo dwe resevwa Pawòl Bondye a, epi anonsé l, pou kontinye bay temwayaj sou Jezi Kri. Jan pa t ekri Apokalips la pou fè moun pè, men, pou li ankouraje moun.

1,4-8 : Chif sèt la se yon senbòl li ye, li reprezante yon bagay ki total. Sa vle di sèt kominate ki nan Lazi Minè yo, yo reprezante tout Legliz la. Bondye Papa a, se li ki mèt listwa: menm jan li te aji nan tan lontan, se konsa tou l ap aji kounye a epi demen. Sèt Lespri yo, vle di, grandè Lespri Bondye a. Jezi se potomitan ni pwojè Bondye a, ni aksyon li yo. Glwa ak pouvwa se pou li yo ye, paske li se temwen toutbon vre a, se li ki te montre pwojè Papa a jous dènye bout, epi ki reyalize l. Li te bay lavi pou tout moun, sitèlman li renmen yo.

Jezi se premye moun ki te leve byen vivan pamì mò yo: se konsa li te kraze lanmò ak peche, li se kòmansman yon lòt mòd lavi kòm moun tounèf. Li se kòmansman, li se finisman

li. Glwa ak pouvwa pou li pou toutan nètale. Amèn.

^{Dan 7,13; Zak 12,10; Mt 24,30} **7** Men l ap vini ak niyaj yo. Tout je pral wè li. Ata moun ki te pèse li yo. Tout fanmi moun sou tè a pral bat les-tomak yo pou li. Wi. Amèn.

⁸ Mwen se Alfa ak Omega. Se sa Bondye Granmèt la di. Li menm ki la, li menm ki te la, epi li menm k ap vini an, li menm ki mèt tout bagay.

Jan fè yon vizyon

⁹ Mwen menm Jan, frè nou, ki patisi-pe menm jan ak nou, nan soufrans, nan gouvènman wa ak nan kenbe fèm nan Jezi, mwen te nan zile yo rele Patmòs la, akòz pawòl Bondye a, epi poutèt mwen te sèvi Jezi temwen. ¹⁰ Lespri mwen te pèdi tè jou Granmèt la. Mwen tande yon gwo vwa dèyè mwen, tankou yon twonpèt. ¹¹ Li di: «Sa ou wè a, ekri li nan yon liv, voye li bay sèt legliz yo: Efèz, Esmin, Pègam, Tiyati, Sad, Filadèlfia ak Lawodise.»

¹² Mwen vire pou mwen wè vwa ki t ap pale ak mwen an. Lè mwen vire,

tou, paske nan li delivrans lan rive nan dènye bout. Se pou sa li se «alfa ak omega». Nan lang grèk «alfa» se premye lèt, «omega» se dènye lèt, se kòmsi nou ta di: A ak Z, kidon premye ak dènye (Ap 21,6 ; 22,13).

1,9-11 : Yo te kondane Jan poutèt lafwa li. Li te pran legzil nan zile Patmòs. Sa te pase bò lane 96 konsa. Sityasyon Jan an montre ki fason kreyten yo soufri akòz temwayaj lafwa a. Yo soufri pèsekisyon, men depi kounye a yo patisi-pe nan viktwa Jezi ki leve byen vivan an, epi se sa ki fè yo kenbe fèm ni nan lafwa, ni nan sèvi l temwen.

Jan fè vizyon li a jou Granmèt la, sa vle di jou dimanch, jou Jezi leve byen vivan an. Jou dimanch lan pran plas jou saba Jwif yo. Kominate yo selebre Jezi ki leve byen vivan an, paske se ak li Bondye kòmanse ni jijman an, ni fè yon tè tounèf, kote li tabli gouvènman li an, ki pote jistis ak lavi pou tout moun sou tè a.

1,12-16 : Jan wè Jezi prezan epi l ap aji ann-dan lavi kominate yo (**Se sa chandelye yo vle di, li bay limyè toupatou pou tout moun**). Konsa kominate kreyten yo montre prezans Jezi Kri ki te leve byen vivan an, epi yo temwen li se Moun Bondye te voye pou jiye moun, epi pou kòmanse tabli Gouvènman li an (Danyèl 7,13). Jezi se sèl entemedyè ant Bondye ak kominate yo : Li se Pè

^{Dan}_{7,9;} mwen wè 7 chandelye lò, ¹³ ak nan mitan chandelye yo, tankou yon Pitit moun abiye ak yon wòb long, yon sentiwon lò mare nan tay li jouk nan lesto mak li. ¹⁴ Tèt li ak cheve li te blan tankou lenn, blan tankou lanèj. Je li te tankou flanm dife. ¹⁵ Pye li yo te tankou bwonz bon kalite, yo netwaye nan founo dife. Vwa li te tankou bri gwo dlo. ¹⁶ Li te gen sèt zetwal nan men dwat li ak yon manchèt de bò byen file k ap sòti nan bouch li. Figi li te klere tankou solèy midi. ¹⁷ Kou mwen wè li, mwen tonbe devan pye li tankou yon mò. Li poze men dwat li sou mwen, li di mwen : « Ou pa bezwen pè. Se mwen menm ki premye a ak dènye a, ¹⁸ Sila a ki vivan an. Mwen te mouri, e men mwen vivan pou toutan nétale. Mwen gen kle lanmò a ak kle kote mò yo abite a. ¹⁹ Ekri bagay ou te wè yo, ni sa ki la yo, ni sa ki gen pou rive apre bagay sa yo. ²⁰ Men sekrè sèt zetwal ou wè nan men dwat mwen an, ak sèt gwo chandelye lò yo : sèt zetwal yo, se zanj sèt legliz yo. Sèt gwo chandelye yo, se sèt legliz yo. »

(*wòb long*), li se Wa (*sentiwon ki fèt ak lò*), li sòti nan Bondye (*cheve blan yo*), li gen konesans pou konnen tout bagay sou Bondye (*je dife*), li dyanm (*pye I fèt an bwonz*), li gen tout pouvwa (*vwa gwo tankou dlo*). Sèt zetwal yo reprezante chèf (*zanj*) kominate yo, manchèt file de bò a se Pawòl Jezi, epi k ap jije Legliz la ak tout tè a. Figi ki klere tankou soleý la fè nou sonje figi Jezi ki te klere sou mòn nan (Matye 17,2).

1,17-20 : Jan prezante kominate yo ak laperèz yo genyen devan pèsekisyon yo (tankou moun mouri). Men Jezi ki te leve byen vivan, li la nan Legliz la, li pote kè poze ak sekirite, paske li se mèt listwa a (Premye ak Dènye), epi li se mèt lavi a (li gen kle lanmò ak kav kote mò yo ye a).

2,1-3 : Sèt mesaj ki vin youn dèyè lòt yo kòmanse ak pawòl sa a : **Mwen konnen.** Kris la konnen Legliz li a, li pran swen l epi li renmen l. Pou kòmanse, li fè rekonèt sa ki bon yo, epi apre sa, li denonse sa ki mal yo. Mesaj ki vin apre yo fè nou konnen difikilte Legliz nan Lazi Minè t ap soufri.

– Yon bò, se difikilte ki sòti nan Jwif yo ak nan moun pèp etranje yo : konsa yo vin montre rezistans kretyen yo genyen.

Mesaj pou Legliz Efèz 1a

2 ¹Ekri zanj Legliz Efèz la : Men ^{1,16;} pawòl Sila a ki kenbe sèt zetwal yo ^{1,12} nan men dwat li a, epi k ap mache nan mitan sèt chandelye lò yo :

² Mwen konnen zèv ou yo, jan w travay di, jan w kenbe fèm. Ou pa kapab sipòte mechan yo. Ou sonde moun sa yo ki di yo se apot, poutan se pa sa yo ye. Ou dekouvri se mantè yo ye. ³ Ou kenbe fèm. Ou sipòte anpil poutèt Non mwen, san w pa febli. ⁴ Sèlman men sa mwen gen kont ou : premye renmen w te genyen an, ou lage li. ⁵ Konsa sonje ki kote w sòti pou w tonbe la a. Chanje kè w, non. Epi tounen fè premye zèv ou yo. Si se pa sa, m ap vini sou ou, m ap wete chandelye w la nan plas kote li ye a, si w pa chanje kè w. ⁶ Sèlman men sa w genyen : Ou rayi zèv Nikolayit yo, sa yo mwen menm tou, mwen rayi yo.

⁷ Moun ki gen zòrèy, se pou li koute sa Lespri a di legliz yo. Moun ki ranpòte viktwa, mwen va ba li manje nan pye bwa lavi a, sa ki nan paradi Bondye a.

^{Jen}
^{2,9;}
^{Ap}
^{22,2}

– Yon lòt bò, se prezans «nikolayit» yo, sa vle di, yon seri kretyen ki pa vle kite kèk move kontak ak vye koutim yo te genyen epi ki toujou atire yo nan sosyete a. Konsa, yo menm aksepte patisipe nan gwo manje k ap fèt nan tanp pèp etranje yo, kote moun ap manje vyann yo sakrifye bay zidòl. Bagay sa a menase lafwa kretyen yo.

– Gen yon lòt bagay ankò : renmen Bondye ak Legliz yo te genyen lè yo te fèk konvèti a vin frèt. Yo te pèdi premye renmen sa a.

Men sa sèt lèt yo montre Legliz yo : Jezi ki leve byen vivan an la nan mitan yo epi, grasa Pawòl Levanjil la, tout Legliz yo dwe konvèti chak jou, pou yo sanble chak jou piplis ak Jezi, ak temwayaj li a.

2,1-6 : Kominate Efèz la toujou ap travay epi li fè anpil bèl bagay. Men, akòz li pa obeyi kòmandman renmen an, li riske pèdi idantite l kòm kominate kretyen (Jan 13,25).

2,7 : Moun ki gen zòrèy se pou li koute sa Lespri a di Legliz yo! Avètisman sa a pou louvri zòrèy la parèt nan finisman tout sèt lèt yo. Lè Legliz la nan wout chanjman pou swiv Jezi, li kapab santi Lespri Jezi a k ap montre li ki pawòl li dwe pale epi ki aksyon ki pi konsekan pou l fè nan moman l ap viv la.

Mesaj pou Legliz Esmin la

^{Dan 1,12} ⁸Ekri zanj Legliz Esmin nan: Men pawòl Sila a ki premye a ak dènye a, sila a ki te mouri a epi ki leve byen vivan an: ⁹Mwen konnen tray ou ak mizè w—men w rich—ni jouman ki sòti nan bouch moun ki di se Jwif yo ye a. Men se pa sa yo ye, yo se sinagòg Satan. ¹⁰Ou pa bezwen pè anyen nan sa w gen pou w soufri yo. Dyab la pral jete kèk nan nou nan prizon. Se pou li kapab sonde nou. Nou pral pase tray pou di jou. Se pou nou kenbe fèm jis nou mouri. M ap ba ou kouwòn lavi a.

^{20,6; 21,8} ¹¹Moun ki gen zòrèy, se pou li koute sa Lespri a di legliz yo: Moun ki ranpòte viktwa, dezyèm lanmò a p ap kapab fè li anyen.

Mesaj pou Legliz Pègam lan

^{1,16; 19,15} ¹²Ekri zanj Legliz Pègam nan. Men pawòl Sila a ki gen manchèt de bò byen file a: ¹³Mwen konnen kote w rete. Se kote ki gen fotèy Satan an epi w kenbe Non mwen byen fèm. Ou pa trayi lafwa mwen an, menm nan jou Antipas yo, temwen konfyans mwen sa

2,8-11: Legliz Esmin nan se yon kominate pòvnan yon vil ki rich. Sèl richès li se lafwa li nan Jezi ak temwayaj li a. Se poutèt sa, li pa pè devan pèsekisyon yo: menm jan Jezi te mouri epi li leve byen vivan an, se konsa tou li menm l ap jwenn lavi ki p ap janm fini an. Lèt sa a pa fè kominate Esmin nan okenn repwòch, men sèlman ankourajman ak konpliman. Yo kwè se paske Polikap, ki te alatèt kominate a, te elèv Jan ki fè vizyon an.

Gen gwo konfli ant Jwif ki te fè reyinyon Yamnya yo ak kretyen yo. Jwif yo te konn denonse kretyen yo bay sólda women yo pou yo bat yo, epi touye yo. Poutèt sa, li ba yo non Sinagòg Satan.

Nou pral pase tray pou dis jou. Chif dis sa a se yon senbòl sou tan sa a kote fòs sa ki mal la t ap domine. Konsa li te anonse se te yon soufrans ki p ap dire tout tan.

2,12-17: Pègam se te yon gwo vil nan Lazi Minè, epi li te gen yon tanp enpòtan kote moun pèp etranje yo fè sèvis pou bondye yo. Kominate Pègam nan konn fè rezistans devan reliyon Lanpi Women an (**fotèy Satan**) ki pèsekite yo epi ki touye kretyen yo. Men li tonbe anba tantsyon mele reliyon kretyen an ak lòt reliyon ki sòti nan lòt kouran ki te genyen nan epòk la (**sa**

a, yo te touye lakay nou an, kote Satan rete a. ¹⁴Sèlman, mwen gen kèk bagay kont ou: Ou gen moun bò kote w k ap swiv sa Balaram ap montre, sila a ki te pouse Balarak, pou li mete yon antrav devan pitit Izrayèl yo, pou yo manje vyann yo ofri zidòl epi pou yo pran move plezi. ¹⁵Se konsa menm jan an tou, ou gen kèk moun k ap swiv sa Nikolayit yo ap montre. ¹⁶Chanje kè w non. Si se pa sa, m ap vin sou ou byen vit, pou mwen goumen ak moun sa yo ak manchèt bouch mwen an.

^{Res 22,2;}
^{25,1-3;}
^{1Kor 8,10;}
^{2Pyè 2,15}

¹⁷Moun ki gen zòrèy, se pou li koute sa Lespri a di Legliz yo: Moun ki ranpòte viktwa, m ap ba li lamàn ki kache a. M ap ba li yon ti wòch blan. Sou ti wòch sa a gen yon non tounèf ki ekri. Pèsonn pa konnen li, sòf moun ki resevwa li a.

^{Iz 62,2;}
^{65,15;}
^{Jn 6,32}

Mesaj pou Legliz Tiyati a

¹⁸Ekri zanj Legliz Tiyati a. Men pawòl Pitit Bondye a, Sila a ki gen je li tankou flanm dife a, ak pye li ki sanble ak bwonz bon kalite a. ¹⁹Mwen konnen zèv ou yo : renmen w, lafwa w, sèvis ou,

Balaram ap montre ak Nikolayit yo). Kominate kretyen an dwe dekovri, chèche konprann, epi konbat tout lide ki mete li nan sèvis zidòl yo, tankou zidòl pouwva, richès, plezi, sèks, ak lòt ankò. Se tout zidòl sa yo ki menase lavi moun ki kretyen toutbon vre a.

Manchèt ki file de bò a se Pawòl Jezi a, ki gen fòs pou jije tout sosyete ki chita sou kraze moun epi tout moun ki vle fè tèt li pase pou Bondye. Apokalips rele yo «fotèy Satan an».

Legliz Pègam nan gen chans konte youn nan premye mati yo, Antipas. Antipas se yon kretyen toutbon ki te bay lavi l akòz lafwa li.

2,18-29: Kominate Tiyati a se yon egzanp nan mitan lòt kominate yo, pou jan li te konbat vye bagay ki te menase kraze lavi kominate a. Yo sèvi ak Jezabèl kòm senbòl pou pale sou vye bagay sa yo y ap montre yo. Nan Bib la, Jezabèl se non yon fi ki pa gen krentif pou Bondye (gade 1Wa 19). Nan ka sa a, li pale sou yon pwofèt fanm nikolayit. Mesye marye fi sa a ak pitit li yo, se tout moun ki te konn patisipe nan seremoni li te fè yo. Anpil fwa, nan Bib la, yo rele yo «idolatri» adiltè oswa pwostitisyon. Pèp Bondye a se pou Bondye li ye. Li marye ak Bondye tankou yon madanm ki marye ak mari li. Si Pèp la pa rete fidèl, se nan vye dezòd li ye. Anplis, moun

kenbe fèm ou. Dènye zèv ou yo piplis ^{1Wa}_{16,31} pase premye yo. ²⁰Men, sèlman sa mwen gen kont ou, ou kite Jezabèl, madanm ki di li se pwofèt la, twonpe sèvitè mwen yo, nan montre l ap montre yo pran move plezi ak manje vyann yo ofri zidòl. ²¹Mwen te ba li tan pou li chanje kè li. Men li pa vle chanje kè li, pou li sòti nan move plezi li yo. ²²Men m ap jete li sou yon kabann ansanm ak sila yo k ap fè adiltè ak li yo, pou yon gwo soufrans, si yo pa chanje kè yo pou yo sot nan zèv li yo. ²³Mwen pral touye ptit li yo byen touye. Epi tout Legliz yo va konnen se mwen Sila a ki sonde ren yo ak kè yo. Mwen pral bay nou chak dapre zèv nou.

^{Jer 11,20} ^{Sòm 2,8-9;}
^{Ap 19,15} ^{Iz 22,16;}
^{Iz 14,12;}
^{2P 1,19} ²⁴Kanta pou nou menm, tout lòt moun ki nan Tiyati yo, ki pa swiv sa li montre yo a, ki pa pwofondé nan Satan jan yo di a, mwen di nou, mwen p ap mete lòt chay sou do nou. ²⁵Sèlman, sa nou genyen an, kenbe l fèm jis mwen vini. ²⁶Moun ki ranpòte viktwa, moun ki kenbe zèv mwen jis nan dènye bout, m ap ba li otorite sou nasyon yo. ²⁷L ap mennen yo ak yon baton fè. L ap kraze yo tankou vesò tè kwit. ²⁸Menm jan mwen te resevwa nan men Papa mwen, konsa m ap ba li zetwal douvan jou a. ²⁹Moun ki gen zòrèy pou tandem, se pou li koute sa Lespri a di Legliz yo.

k ap adore zidòl yo, jan tout sosyete nou an konn fè jounen jodi a, yo pa respekte disiplin lafwa kretyen an egzije nou.

L ap mennen yo ak yon baton fè. Moun k ap ranpòte viktwa a, va gen menm viktwa Kris la (gade Sòm 2). Epi l a resevwa zetwal douvan jou a, sa vle di, Jezi Kri menm (Ap 22,16).

3,1-6 : Kominote Sad la t ap viv nan ipokrizi. Kominote sa a viv yon lavi ki sanble ak lavi yon kominote kretyen, men reyèlman vre sa li di se pa sa li fè. Li viv sou aparans.

Lontan lontan Siris, wa peyi Lapès, te atake vil sa a epi li te pran tout trezò moun yo, lè yo t ap dòmi. Poutèt sa, Jan mande l pou l'i reveye. Jezi pral vini sou li tankou yon vòlè.

Lèt sa a se yon mesaj tou kout pou yon Legliz ki prèske mourir. Sa dwe fè nou reflechi anpil. Legliz inivèsèl la gen yon pwomès pou toutan, men mouvman pa nou yo, kominote nou yo epi

Mesaj pou Legliz Sad la

3 ¹Ekri zanj Legliz Sad la. Men pawòl ^{1,16; Iz 11,2} moun ki gen sèt Lespri Bondye yo ak sèt zetwal yo: Mwen konnen zèv ou yo. Ou pote non moun vivan, men ou se moun mourir. ²Rete je klè. Ti rès lavi ki rete w la e ki prêt pou mourir a, ba li fòs. Reyèlman vre, mwen pa jwenn zèv ou yo kòrèk devan Bondye mwen an. ³Konsa sonje jan w te resevwa, jan w te koute. Kenbe yo. Epi chanje kè w. Si w pa rete je klè, m ap vini tankou yon vòlè. Ou p ap menm konnen ki lè m ap rive sou ou. ⁴Men ou gen kèk non moun nan Sad ki pa t sal rad yo. Moun sa yo pral mache ansanm ak mwen, ak rad blan yo, paske yo merite sa. ⁵Se konsa moun ki ranpòte viktwa a pral abiye ak rad blan. Mwen p ap efase non li nan liv lavi a. Men mwen va rekonèt non li devan Papa mwen ak devan zanj li yo.

^{16,15; Mt 24,42; 1Tes 5,2} ^{10,32} ^{Mt}
6Moun ki gen zòrèy, se pou li koute sa Lespri a di Legliz yo.

Mesaj pou Legliz Filadèlfia

⁷Ekri zanj Legliz Filadèlfia: Men ^{lz 22,22} pawòl Sila a ki sen an, ki laverite a, ki gen kle David la, ki lè li louvri, pèsonn pa fèmen an, lè li fèmen, pèsonn pa louvri a: ⁸Mwen konnen zèv ou yo. ^{Kol 4,3} Men m ap mete yon pòt tou louvri devan w, sa pèsonn p ap kapab fèmen

menm Legliz ki nan dyosèz yo kapab disparèt. Nou gen egzanp sa a nan listwa Legliz la.

Jezi pa touye mèch k ap bay lafimen, men chanjman an pa dwe pran tan: moun ki aksepte mesaj la dwe mete l an pratik.

3,7-13 : Kominote Filadèlfia a se yon kominote ki piti epi ki fèb anpil men li te toujou kenbe fèm nan lafwa li. Poutèt sa, li resevwa pwoteksyon espesyal nan men Jezi Kri nan moman pèsekisyon yo. Lè yon moun fèb montre li renmen Jezi toutbon vre, se Jezi menm ki ba l kouraj ak fòs pou l reziste. Se kominote sa a ak kominote Esmin ki pa resevwa repwòch.

Lèt sa a se yon mesaj soulajman ak lespwa ki gen anpil fòs pou moun ki reponn lè Lespri Sen an rele yo epi ki kenbe fèm, malgre tout difilkite yo jwenn nan travay Bondye.

Sila ki gen kle David la (v. 7) : se senbòl oto-rite ak pouvwa Kris la sou tout Legliz la. Yon oto-

an. Mwen konnen fòs ou piti, men ou kenbe Pawòl mwen an, ou pa trayi Non mwen. ^{lz} ^{45,14;} ^{60,14} ^{1z} Gade, m ap mete aklè : gen kèk moun nan Sinagòg Satan an, ki di se Jwif yo ye, se pa vre, se mantè y ap bay. Mwen pral oblige yo vin mete ajenou nan pye w, epi y ap konnen mwen renmen w. ¹⁰ Paske w te kenbe Pawòl mwen an fèm, mwen menm tou m ap kenbe w fèm nan moman gwo tray ki pral rive sou tout fas tè a, pou seye sila yo ki moun tè a. ¹¹ M ap rive byen vit. Kenbe sa ou genyen fèm, pou pèsonn pa pran kouwòn ou an. ¹² Moun ki ranpòte viktwa a, m ap fè li tounen yon poto nan Tanp Bondye mwen an. Li p ap sòti deyò menm an-kò. M ap ekri Non Bondye mwen an sou li, ansanm ak non vil Bondye mwen an, Jerizalèm tounèf la, ki dessann sòti nan syèl bò kote Bondye mwen an, ansanm ak non tounèf pa mwen an tou.

^{Gal 2,9;}
^{1Tm 3,15;}
^{Ap 21,2;}
^{Ezk 48,35}

¹³ Moun ki gen zòrèy, se pou li koute sa Lespri a di Legliz yo.

Mesaj pou Legliz Lawodise a

^{2Kor 1,19;}
^{Pwv 8,22;}
^{Jn 1,3;}
^{Kol 1,15;}
^{Eb 1,2}

¹⁴ Ekri zanj Legliz Lawodise a : Men pawòl Sila a ki Amèn nan, temwen serye ak temwen laverite a, Sila a ki kòmansman tou sa Bondye kreye yo :

rite li pral pase bay Apot li yo ak sila yo k ap vini apre Apot yo (Izayi 22,22 ; Mt 16,19).

Men m ap mete yon pòt tou louvri devan w (v. 8) vle di : «Mwen ba w yon bél okazyon pou w anonsé Levanjil la» (2Kor 2,12). Li bay kondisyon pou sa mache : Fè sa Pawòl Bondye a di epi kenbe fèm.

3,14-22 : Yo di : Lawodise te gen de larivyè, youn ak dlo frèt epi youn ak dlo cho ki te kapab geri kèk maladi. Epitou nan vil sa a, yo te konn fe yon medikaman ki geri maladi je anpil moun t ap chache. Gen yon lòt bagay ankò ki bay moun Lawodise yo lògèy : yo konn fabrike yon bon kalite twal nwa ki koute chè.

Amèn vle di : Se vre, wi ! Sa gen sans : «Mwen pran angajman m.» Kris se «amèn» Papa a. Angajman li te pran ak nou an te fè tout pwo-mès Bondye te fè nou yo, reyalize (2 Korent 1,20). Epi, paske Kris se «amèn», li rele nou pou nou pran yon angajman toutbon ak Bondye tou, pou plan lavi li a kapab reyalize nan mitan nou,

¹⁵ Mwen konnen zèv ou yo. Mwen konnen w pa ni frèt, ni cho. Pito w te frèt, oswa w te cho. ¹⁶ Konsa paske w tyèd la, ou pa ni cho, ni frèt, mwen pral vomi w sòti nan bouch mwen. ¹⁷ Mwen konnen ou di : «Mwen rich, mwen fin rich nèt, mwen pa manke anyen.» Se konnen w pa konnen, ou mizerab, ou malere, ou pòv, ou avèg, ou toutouni. ¹⁸ M ap ba w yon konsèy : achte lò ki pwòpte nan dife a nan men mwen, pou ou kapab vin rich, ak rad blan pou ou abiye, dekwa pou lawont toutouni w lan pa parèt. Achte pomad tou pou ou fwote je w, dekwa pou ou kapab wè.

^{lz 55,1} ¹⁹ Mwen menm, moun mwen renmen, mwen korije yo, mwen ba yo pinisyon. Konsa ou menm rele sou kò w, chanje kè w. ²⁰ Gade, men mwen kanpe devan pòt la, m ap frape. Si yon moun tande vwa mwen, epi li louvri pòt la, m ap antre lakay li, m ap soupe ansanm ak li, epi li menm ansanm ak mwen.

^{Pwv 3,12;}
^{1Kor 11,32;}
^{Jn 14,23} ^{Lk 22,29;}
^{Sòm 110,1}

²¹ Moun ki ranpòte viktwa a, m ap ba li dwa pou li chita ansanm ak mwen sou fotèy mwen an, menm jan mwen menm mwen te ranpòte viktwa epi mwen chita ansanm ak Papa mwen sou fotèy li a.

²² Moun ki gen zòrèy, se pou li koute sa Lespri a di Legliz yo.

nan fanmi nou yo, nan sosyete nou an, sou tout tè a.

Kominote a pa ni cho, ni frèt : (li vle pale sou de larivyè ki nan vil la) Kominote Lawodise a te rich, epi li te kite logèy monte tèt li. Li santi li pa bezwen Bondye ede l pou l mache nan lavi a. Li mete konfyans li nan richès li genyen an. Men richès toutbon yon kominote se Pawòl Jezi a. Li dwe koute l epi rete kole sou li.

L ap abiye an blan : (li vle pale la a sou bél twal nwa moun Lawodise yo te konn fabrike). Yo gen lògèy, epi yo abiye an nwa. Kounye a, Jezi di yo pou yo abiye an blan. Senbòl sa a montre yon reyalite ki pa menm ak pa nou an, li vle di abiye ak Jezi (Efèz 4,24). Nan tout liv Apokalips la, koulè blan vle di kè kontan, fòs, viktwa pou touttan (Ap 4,4 ; 6,2 ; 7,9.13).

Achte medikaman pou w kapab wè byen (li ap pale sou medikaman pou maladi je yo te konn fabrike yo). Fòk kominote a louvri je l pou li gade sitiayson li, pou li ka korije sa ki pa bon, pou li ka tounen vin jwenn Bondye.

Fotèy Bondye a ak sèvis nan syèl la

4¹ Apre sa, mwen wè: Men yon pòt louvri nan syèl la, epi vwa mwen te tandé anvan an, ki te pale ak mwen tankou yon twonpèt la, di: Monte bò isit. Mwen pral montre w sa k ap rive apre bagay sa yo. ²La menm, lespri m pèdi tè: Men yon fotèy nan syèl la, ak yon moun chita sou fotèy la. ³Sila a ki te chita a te sanble klète wòch yo rele jasp la, ak sa yo rele sad la. Epi yon lakansyèl te viwonnen fotèy la, pòtre klète wòch yo rele emwod la. ⁴Alantou fotèy la te gen vennkat lòt fotèy. Te gen vennkat Ansyen chita sou fotèy yo, abiye ak rad blan, kouwòn lò sou tèt yo. ⁵Zèklè, vwa ak kout loray t ap sòti nan fotèy la. Sèt flanm dife t ap boule devan fotèy la. Se sèt lespri Bondye yo. ⁶Devan fotèy la te gen yon bagay tankou yon lanmè ki klè, ki sanble kristal. Nan mitan fotèy la ak touta-

Mk 1,10;
T Ap 10,11
Ezk 1,26;
Iz 61,1
19,16
Ezk 1,22;
1,5

4,1: Apre mesaj sa yo pou Legliz la, gen vizyon yo ki pèmèt nou jwenn tout sans listwa moun genyen an. Sòti nan chapit 4 rive nan 11, Jan fè yon kalkil sou listwa pèp Izrayèl la rive nan prèch Levanjil la. Se yon kalkil ki sòti nan Ansyen Kontra a, epi ki fini nan moman yo t ap viv, bò lane 95.

Sòti chapit 12 pou rive nan chapit 21, Jan prepare nou, pou nou kapab konprann listwa n ap viv la ak lit Legliz yo.

Anvan Jan devlope vizyon I sou listwa, li montre n sa ki fondamantal la, ki pa ka chanje, kote tout evènman ak tout bagay sòti epi kote y ap tounen tou. Sa li di yo rantre nan Plan Lavi Bondye a. Paske avètisman yo p ap itil anyen, si nou pa deside kanpe tennfas devan evènman yo, epi se poutèt sa, nou dwe konnen, an premye, kote nou prale ak poukisa n ap lite.

Pòt ki louvri nan syèl la: se yon senbòl ki montre sans listwa a genyen. Pandan I ap travay pou chanje kè moun yo, Legliz la ap pran fòs pou I dekouvi pwojè Bondye a k ap devlope nan listwa. Kounye a, Jan ap monte, sa vle di, li pral antre nan pòt ki louvri a, pou li wè epi pou li rakonte mèvèy ki anndan listwa a.

4,2-4: Jan prezante Bondye tankou wa ak jij ki gouvènen listwa (**fotèy**), men gouvènman li a chita sou renmen ak kè sansib (senbòl **Lakansyèl** Jenèz 9,3ss).

Bondye se lavi sèlman li renmen: Li sen epi li nan tout bagay, ni sa nou wè, ni sa nou pa ka wè (senbòl **limyè ki sòti nan pyè ki sou bijou yo rele jasp la**). Pèp Bondye a (**vennkat ansyen yo reprezante pèp Bondye a**) patisiye nan gouvèn-

lantou li te gen kat Vivan, ki plen je devan kou dèyè.

⁷Premye Vivan an sanble yon lyon. Dezyèm Vivan an sanble yon ti bëf. Twazyem Vivan an gen figi li tankou figi yon moun. Katriyèm Vivan an sanble ak yon malfini k ap vole.

⁸Epi kat Vivan yo, chak nan yo, te ^{Iz 6,2-3}gen sis zèl. Yo te plen je sou tout kò yo, anndan kou deyò. Lajounen kou lanwit, yo t ap deklare san rete: « Ou sen, Ou sen, Ou sen, Granmèt Bondye ki mèt tout bagay, Li menm ki te la, Li menm ki la, Li menm k ap vini an. »

⁹Antan kat Vivan yo t ap bay glwa, konpliman ak remèsiman pou Sila a ki te chita sou fotèy la, epi ki vivan pou toutan nétale a, ¹⁰vennkat Ansyen yo menm t ap bese byen ba devan Sila a ki chita sou fotèy la. Yo t ap adore Sila a ki vivan pou toutan nétale a. Yo t ap voye kouwòn yo devan fotèy la antan y

man listwa (**yo chita sou fotèy yo**), nan lavi Jezi ki te leve byen vivan (**rad blan**) epi nan viktwa li a (**kouwòn**).

4,5-6: Bondye toujou aji nan listwa epi li aji anfavè moun (**zeklè yo, vwa yo, loray yo**: Egzòd 19,16). Tout sa k ap viv se nan Bondye yo jwenn lavi yo (**sèt lespri**) epi I ap gouvènen tout pèp (**lanmè ki klè sanble ak kristal** Sòm 65,8).

4,8-11: Kretyen yo fè lwanj pou Bondye, lè li rekonèt li gen tout pouvwa epi li se Mèt listwa. Pèp Bondye a kontinye fè lwanj ak tou sa Bondye kreye. Ni moun, ni tou sa Bondye fè, yo rekonèt se Bondye sèl ki merite konpliman, respè ak onè, paske se li sèl ki gen tout pouvwa, paske se li sèl ki te kreye tout bagay. Tout bagay sa yo ale kont lanprè women an, ki vle fè tèt li pase pou Bondye. Kretyen yo pa bezwen pè okenn pèsekisyon, paske yo konnen se Bondye ki te kreye tout bagay, ki soutni yo, epi mennen tout listwa a.

Ansyen yo se sen Ansyen Kontra a ki reprezante pèp ki kenbe Pawòl la (Izayi 24,23).

4 bét yo, oubyen 4 eleman vivan yo, reprezante lespri ki nan syèl yo, dapre vizyon Ezekyèl la (Ezekyèl 1). Se senbòl ki pèmèt yo pale sou bagay ki genyen plis valè, plis fòs, plis bon konprann, epi ki vanse pi vit.

Nan syèk ki vin apre yo, kretyen, yo te pran abitid reprezante eleman sa yo ak 4 evanjelis yo: Matye se moun nan, Mak se lyon an, Lik se towo a, Jan se malfini an.

Konsa, Jan ap vole wo, kòmsi li fè moun yo antre nan syèl la. Jan wè syèl la tankou Tanp

ap di: ¹¹ Granmèt, Bondye nou, wi, ou merite resevwa glwa, onè ak pouvwa. Paske se ou menm ki te kreye tout bagay, se grasa volonte w yo te la epi yo te vin fèt.

Liv yo poze sele sou li a ak Ti Mouton an

^{lz 29,11} **5** ¹Epi mwen wè yon liv nan men dwat Sila a ki chita sou fotèy la. Liv la ekri ni anndan ni deyò. Li te gen sèt sele poze sou li. ²Apre sa, mwen wè yon zanj ki gen fòs, ki t ap di ak yon gwo vwa: Kilès ki merite louvri liv la pou li kase sele li yo? ³Men ni nan syèl, ni sou tè a, ni anba tè a, pa t gen okenn moun ki te kapab louvri liv la pou gade anndan li. ⁴Mwen menm, mwen t ap kriye anpil, poutèt yo pa t jwenn okenn moun ki te kapab louvri liv la pou gade anndan li. ⁵Se konsa ^{49,8; Jen 1z 11,1} youn nan Ansyen yo di mwen: «Pa kriye. Men lyon ki sòti nan branch fanmi Jida a, rasin David la, te ranpòte viktwa. Konsa li va louvri liv la, ak sèt sele yo.»

^{Jn 1,29} ⁶Nan mitan fotèy la, ak kat Vivan

Jerizalèm nan, men kounye a li transfòme nèt. Gen **vènnkat ansyen** antou, menm jan sa te ye pou yon gwoup pè ki t ap sévi nan tanp Jerizalèm nan. **Kat zannimo yo** te ranplase sèpan ak zèl yo ki te Serafen Izayi te pale yo (Izayi 6), ak Cheriben Ezekyèl te pale yo (Ezekyèl 1). **Lanmè a** te ranplase gwo basen Jwif yo te genyen nan Tanp lan pou fè seremoni pwòpte pou moun yo. Yo te konn rele basen sa a «lanmè» tou (1 Wa 7,23). Epi nan tout liv la, litiji ki nan syèl la kontinye ak gita, twonpèt ansanm ak lansan.

Yo pa janm sispann repepe: sen, sen, sen (v. 8). Sa se premye kantik ki nan liv Apokalips la. Sa nou pral gen pou nou fè nan syèl la? Tout bagay se va gade bélte Bondye, konpliman, remésiman ak dekouvèt. Nou va rete men nan bouch lè nou dekouvri jan Bondye pa gen limit, jan li gran, jan li renmen nou.

5,1-4: Vizyon sa a prezante de eleman tou-nèf: Liv la fèmen nèt (li gen **sèt so**), li te ekri nèt (**ni anndan ni deyò**) epi li nan men Bondye, paske li gen pwojè Bondye sou lavi ak sou listwa. Liv ki fèmen an nou rive konprann li nèt nan Jezi. **Jan kriye:** Kominote a dezespere anpil, paske li pa kapab konprann pwojè Bondye nan listwa a. Li anba pèsekisyon e Bondye pa di yon mo. Yo pa konprann kisa ki pase ak Bondye ki pe bouch li konsa.

yo, ak nan mitan Ansyen yo, mwen wè yon Ti Mouton kanpe kòmsi gòj li koupe, ki gen sèt kòn ak sèt je. Se sèt lespri Bondye voye sou tout fas tè a. ⁷Li parèt, li resevwa liv la nan men dwat Sila a ki chita sou fotèy la. ⁸Lè li fin resevwa liv la, kat Vivan yo ansanm ak vènnkat Ansyen yo bese byen ba devan Ti Mouton an. Yo chak gen yon gita, ak bòl lò plen lansan. Se lapriyè sila ki Sen yo. ⁹Yo t ap chante yon kantik nouvo. Yo t ap di: Ou merite sa vre pou w resevwa liv la, epi pou w louvri sele li yo, paske yo te koupe gòj ou. Men ak san w ou delivre moun ki sòti nan tout ras, nan tout lang, nan tout pèp ak nan tout nasyon pou Bondye. ¹⁰Ou fè yo tounen yon peyi wa ak prèt pou Bondye nou an. Yo pral kòmande tankou wa sou tè a.

^{14,3; lz 42,10} ¹¹Mwen wè, epi mwen tande vwa anpil zanj ki te fè wonn fotèy la, wonn Vivan yo ak Ansyen yo. Kantite yo te ye se te di mil sou di mil, mil sou mil.

^{19,10; lz 61,6} ¹²Yo t ap di byen fò: «Ti Mouton yo koupe gòj li a, li merite resevwa pou-

^{Dan 7,10}

^{Flo 2,7-9}

5,5-7: Jezi ki mouri epi leve byen vivan an se Mouton Fèt Pak la (Egzòd 12). Yo te touye l'akoz lenjistik ki sou tè a. Men **li kanpe**, paske li te leve byen vivan. Li se Sovè ki gen tout pouvwa a (**chif sèt la**), e li plen ak Lespri Bondye a, paske li wè tout sa k ap pase nan listwa (**sèt je ak sèt lespri**). Li kapab resevwa liv la epi li kapab louvri l, paske, nan lanmò ak leve byen vivan li a, li te reyalize pwojè Bondye a, sa vle di, delivrans lan nèt. Kounye a, listwa moun yo nan men Jezi Kri, epi pwojè Bondye a, wè pa wè, va reyalize pou tout moun.

5,8-14: Lè Mouton an resevwa liv la, gen twa moman k ap prezante devan moun yo: premye a se kreyasyon an ak pèp Bondye a, ki montre poukisa Mouton an kapab resevwa liv la. Dezyèm nan se zanj yo, yo montre Jezi gen tout pouvwa, paske se li sèl ki Mèt listwa. Anprè women an ak lòt pisans ki sou tè a yo pa gen pouwwa sou listwa. Twazyèm moman an se tout kreyati yo, yo rekonèt Bondye ak Mouton an chita nan menm nivo, yo gen menm pouvwa. Pèp Bondye a adore Bondye ak Jezi sèlman, yo pa adore ni moun, ni bagay yo.

Chapit 6 ak 7 la yo fè yon rezime sou tout liv Apokalips la. Jan montre nou ki sa listwa moun ye, epi kouman li ye nan men Jezi ki te leve byen vivan an, epi lí montre nou chemen jijman an ak delivrans lan.

vwa, richès, bon konprann, fòs, onè, glwa ak lwanj. »

¹³ Mwen tandé vwa tou sa Bondye fè, kit sa ki nan syèl la, kit sa ki sou tè a, kit sa ki anba tè a, kit sa ki nan lanmè, ak tou sa ki anndan yo, yo t ap di: « Lwanj, onè, glwa ak pouvwa pou Sila a ki chita sou fotèy la ak pou Ti Mouton an, pou toutan nétale. »

¹⁴ Kat Vivan yo t ap di: « Amèn. » Ansyen yo bese byen ba pou yo adore.

Sis premye sele yo louvri

^{Jer 15,4} **6** ²⁻⁴ Apre sa mwen kontinye wè. Lè Ti Mouton an kase premye nan sèt sele yo, mwen tandé youn nan kat Vivan yo pale, ou ta di yon kout loray. Li di: Vini non!

^{Zak 6,1} ² Epi mwen wè: men yon chwal blan. Moun ki te monte li a, te kenbe yon zam pou tire flèch nan men li. Yo ba li yon kouwòn. Li pati tankou yon moun ki fin gen yon batay, men ki sòti pou li gen ankò.

³ Lè li kase dezyèm sele a, mwen tandé dezyèm Vivan an ki t ap di: Vini non! ⁴ Lè sa a, yon lòt chwal koulè wouj dife sòti. Moun ki te monte li a, rese-vwa pouvwa pou li wete lapè sou tè a, dekwa pou youn koupe gòj lòt. E yo ba li yon gwo manchèt.

⁵ Lè li kase twazyèm sele a, mwen tandé twazyèm Vivan an ki t ap di: Vini non! Epi mwen wè: men yon chwal nwa. Moun ki te monte li a, te kenbe

yon balans nan men li. ⁶ Mwen tandé tankou yon vwa ki sòti nan mitan kat Vivan yo, ki t ap di: Yon mezi ble pou yon denye. Twa mezi gress lòj pou yon denye. Men pa gate ni lwil la ni diven an.

Ezk
4,16

⁷ Lè li kase katriyèm sele a, mwen tandé vwa katriyèm Vivan an ki t ap di: Vini non! ⁸ Epi mwen wè: men yon chwal koulè vèt. Moun ki te monte li a, yo rele non li lanmò, epi kote mò yo abite a t ap mache dèyè li. Yo ba yo pouvwa sou yon ka tè a, pou yo touye moun ak manchèt, ak grangou, ak lanmò, ak bèt sovaj ki sou tè a.

Ezk
14,21

⁹ Lè li kase senkyèm sele a, mwen wè anba lotèl la nanm moun yo te koupe gòj yo poutèt Pawòl Bondye a, ak poutèt yo te sèvi li temwen. ¹⁰ Yo t ap rele ak yon gwo vwa antan yo t ap di: Mèt O, ou menm ki sen, ou menm ki laverite a, jis kilè w ap tann ankò san w pa jije, san w pa tire vanjans pou san nou, sou moun tè a? ¹¹ Epi yo te ba yo chak, yon wòb long blan mete sou yo. Apre sa, yo di yo, pran pasyans pou yon ti tan ankò, jis kantite, ni sèvitè ki asosye ansanm ak yo, ni frè yo ki gen pou mouri tankou yo a, fin kont.

Dtw
32,43;
Zak
1,12;
Lk 18,7

14,13

¹² Apre sa, mwen kontinye wè. Lè li kase sisyèm sele a, vin gen yon gwo tranblemanntè, sòlèy la vin tou nwa, tankou yon rad sak ki fèt ak po chwal. Tout lalin nan te vini tankou san. ¹³ Ze-twyal yo ki nan syèl la t ap tonbe sou tè

Iz
13,10;
Jl 3,4;
Mt
24,29

Iz 34,4

6,1-8: Sous mal la se anbisyon pouvwa pou youn mete pye sou lòt (**premye so ak chwal blan an**). **Dezyèm so ak chwal koulè wouj la**, se konkirans, konpetisyon ak vanjans ki fè lagè ak vyolans gaye toupatou. **Twazyèm so ak chwal nwa a**: anbisyon richès la fè lavi chè grandi nan mitan ti pòv yo, yo kontwole manje, epi yo mete pèp la nan grangou a. **Katriyèm so ak chwal koulè vèt la**: koulè kadav yo, reprezante doulè ak lanmò.

6,9-11: Kretyen yo soufri pèsekisyon ak lanmò tankou Jezi pou Pawòl Bondye a men yo dwe kenbe fèm nan temwayaj la. Yo mande Bondye jistis pou pèp li a. **Rad blan an** montre mati yo déjà patisié nan viktwa Jezi ki te leve byen vivan an. Tout liv Apokalips la vle reponn

kesyon moun ki anba pèsekisyon yo poze: «**Jis kilè w ap tann ankò san w pa jije, san w pa tire vanjans pou san nou, sou moun tè a?**»

6,12-17: Bondye te reponn kesyon moun ki anba pèsekisyon yo te poze I, epi lí fè dènye jijman an. Jan te reprezante jijman an tankou yon kalamite ki frape tè a, se konsekans tou sa ki mal ki dominen listwa a, yo te reprezante bagay mal sa yo ak kat kavalye yo, jan nou te wè nan kat premye so yo. Jijman an touche tout kategori moun (**tè a, solèy la, lalin nan, zetwal yo, syèl la, mòn yo, zile yo : sèt kategori moun, sa vle di tout moun anba jijman**). Si yo rekonèt yo koupab, y a montre yo gen plis respè ak krentif pou Bondye, pou pwòp lanmò yo.

a, tankou pye fig frans ki jete fwi wòwòt yo, lè gwo van ap souke l. ¹⁴Syèl la disparèt nèt tankou yon papye yo woule. Yo deplase tout mòn yo ak tout zile yo. ¹⁵Tout wa sou tè a, ak chèf, ak kòmandan, ak moun rich, ak gran nèg, ak tout esklav, ak moun ki gen libète, yo tout al kache nan twou wòch ak dèyè gwo wòch nan mòn yo. ¹⁶Yo t ap di mòn yo ak wòch yo: «Tonbe sou nou. Kache nou sòti ni devan figi moun ki chita sou fotèy la, ni anba kòlè Ti Mouton an.» ¹⁷Paske li rive gwo Jou kòlè yo a. Ki moun ki kapab kanpe?

San karant kat mil ki pote mak Bondye a

7 ¹Apre sa, mwen wè kat zanj ki poste nan kat kwen tè a. Yo te kenbe 4 van tè a pou van pa vante ni sou tè a, ni sou lanmè, ni sou okenn pye bwa.

²Mwen wè yon lòt zanj tou, ki t ap monte bò kote solèy leve. Li te pote so Bondye vivan an. Li t ap rele, ak yon gwo vwa, kat zanj ki te jwenn pèmisyon pou maltrete tè a ak lanmè a, ³li t ap di yo «Pa maltrete ni tè a, ni lanmè a, ni pye bwa yo, jistan nou fin make sèvitè Bondye nou an nan fwon yo.»

⁴Mwen tandé kantite moun ki make ak so a: san karannkat mil moun ki make nan tout branch fanmi pitit Izrayèl yo. ⁵Nan branch fanmi Jida te

7,1-9: Yo prezante gran jou delivrans la yon bon fason. Pèp Bondye a (**douz Kòd Fanmi yo**) gen pwoteksyon, jou jijman an (**zanj yo kenbe kat van yo**). **Mak moun yo gen nan fwon an** se siyal yo sove epi yo pou Bondye. Yo reprezante Pèp Bondye a tankou Izrayèl, yon pèp ki totalkapital epi ki san defo (**12x12x1.000=144.000**). Se yon pèp ou pa ka konte paske delivrans la se pou tout moun. Ou pa ka pran chif sa a alalèt tankou anpil moun konn fè. Se yon senbòl pou reprezante tout Pèp Bondye a jan nou wè nan vèsè 9 la: «**Apre bagay sa yo, mwen kontinye wè: men yon gwo foul moun. Pèsonn pa t kapab konte yo. Yo sòti nan tout nasyon, branch fanmi, pèp ak lang.**

7,10-12: Pèp Bondye a rekonèt delivrans la sòti nan Bondye ak nan Mouton an. Se pa ni byen latè, ni moun ki gen pouvwa yo ki pote delivrans la. Ansanm ak zanj yo epi ak tou sa

gen douz mil moun ki te make ak so a. Nan branch fanmi Riben te gen douz mil. Nan branch fanmi Gad te gen douz mil. ⁶Nan branch fanmi Azè te gen douz mil. Nan branch fanmi Neftali te gen douz mil. Nan branch fanmi Manase te gen douz mil. ⁷Nan branch fanmi Simeyon te gen douz mil. Nan branch fanmi Levi te gen douz mil. Nan branch fanmi Isaka te gen douz mil. ⁸Nan branch fanmi Zaboulon te gen douz mil. Nan branch fanmi Jozèf te gen douz mil. Nan branch fanmi Benjamin te gen douz mil ki make ak so a.

⁹Apre bagay sa yo, mwen kontinye wè: men yon gwo foul moun. Pèsonn pa t kapab konte yo. Yo sòti nan tout nasyon, branch fanmi, pèp, ak lang. Yo te kanpe devan fotèy la ak devan Ti Mouton an. Yo te abiye ak wòb blan long sou yo. Yo te gen fèy palmis nan men yo. ¹⁰Yo t ap rele byen fò. Yo t ap di: «Delivrans la se nan Bondye nou an li ye, nan men Sila a ki chita sou fotèy la, ansanm ak nan Ti Mouton an.»

¹¹Tout zanj yo te kanpe fè wonn fotèy la, wonn Ansyen yo ak kat Vivan yo. Yo te tonbe fas ba devan fotèy la. Yo t ap adore Bondye. ¹²Yo t ap di: «Amèn, Iwanj, glwa, bon konprann, remèsiman, onè, pouvwa ak fòs se pou Bondye nou an pou toutan nètale. Amèn.»

Bondye kreye, pèp Bondye a dwe adore Bondye sèlman epi rekònèt tout Iwanj ak konpliman se pou Bondye yo ye. Se sa nou di nan lapriyè: **Se ou menm sèl ki Wa, se ou ki gen tout pouvwa, se ou menm sèl ki merite konpliman depi toutan e pou toutan.**

7,13-17: Jan bay delivrans pèp Bondye a plis valè pase soufrans yo. **Gwo tray la** se pèsekisyon yo. **Rad blan an** reprezante patisipasyon nan temwayaj Jezi a. Vèsè 15-17 sonje fèt Ti Kay Joupa yo, Jwif yo te konn fè pou yo fete rekòt la. Se te yon siy Kontra a tou. Delivrans la se reyalizasyon Kontra a nèt. Bondye rete ak moun yo, nan menm kay ak yo. Ak reyalizasyon Kontra a, pèp Bondye a p ap gen soufrans ankò: Jezi tounen gadò mouton k ap mennen pèp la nan lavi ki p ap janm fini an, kote tout moun pral resevwa piyay lavi nan Jezi Kri.

Jen
15,5

¹³Epi youn nan Ansyen yo pran lapawòl, li di mwen: «Moun sa yo ki abiye ak wòb long blan yo, ki moun yo ye? E ki bò yo sòti?» ¹⁴Mwen di l: «Mèt mwen, se ou menm ki konnen.» Li di mwen: «Sila yo se moun ki sòti nan gwo tray la. Yo lave wòb long yo a, epi yo blanchi yo nan san Ti Mouton an. ¹⁵Se poutèt sa yo devan fotèy Bondye a. Y ap sèvi li lajounen kou lannwit nan Tanp li a. Sila ki chita sou fotèy la, ap drese tant li sou yo. ¹⁶Yo p ap grangou ankò, ni yo p ap swaf ankò. Solèy la p ap bat yo ankò, ni okenn chalè. ¹⁷Paske Ti Mouton nan mitan fotèy la, pral okipe yo, l ap mennen yo nan sous dlo yo, ki bay lavi a. Bondye pral siye tout dlo nan je yo.»

Setyèm sele a ak lansanswa lò a

^{Sof 1,7; Zak 2,17} **8** Lè Ti Mouton an kase setyèm sele a, pandan yon demi èd tan konsa, ou pa t tande okenn bri nan syèl la. ²Apre sa, mwen wè sèt zanj yo kanpe devan Bondye. Yo ba yo sèt twonpèt. ³Epi yon lòt zanj vin kanpe sou lotèl la ak yon lansanswa lò. Yo ba li anpil lansan pou li te ofri bay Bondye ansanm ak lapriyè moun ki sen yo, sou lotèl lò ki te devan fotèy la. ⁴Lafimen lansan an ansanm ak lapriyè moun ki sen yo, monte sòti nan men zanj lan ale devan Bondye. ⁵Apre sa, zanj lan pran lansanswa a, li plen li ak dife ki te sou lotèl la, li voye li jete sou tè a. Lè sa a, vin

^{Ezk 10,2} **8,1-11.19:** Lè yo te louvri setyèm so a, liv pwojè Bondye a te louvri nèt, epi kounye a l ap reyalize li. Pwojè sa a se mèvèy la (10,7) ki rive bout: Gouvènman Bondye a rive (11,15).

8,1-6: Silans demi èdtan an montre sa k ap pase a se yon bagay ki grav anpil. Jou jijman an (**klewon yo**) epi Gouvènman Bondye, montre dènye tan yo kòmanse nan listwa a. Lansan an, yo ofri ak priyè sen yo, montre Bondye koute rèl mati yo (6,9-11): Bondye reponn, li aji nan listwa, L ap rann yo jistis epi l ap sove yo.

8,7-13: Jou jijman an konsènen tout moun, tout bagay (**tè, lanmè, rivyè, sous yo ak zetwal yo**), li fet pou yon pòson moun nan listwa a (**twazyèm pati**). Menm jan Bondye te aji nan tan lontan (kalamite nan Lejip), Li aji nan tan kounye

gen kout loray, vwa, zèklè ak tranble-mannèt.

Twonpèt yo

⁶Sèt zanj ki te gen sèt twonpèt yo, pare kò yo pou yo jwe twonpèt.

⁷Premye zanj lan jwe twonpèt li a. Apre sa vin gen lagrèl, dife mele ak san. Yo jete li sou tè a. Epi yon tyè tè a, epi yon tyè pyebwa yo, boule, epi tout zèb vèt yo boule.

⁸Dezyèm zanj lan jwe twonpèt li a. ^{Jer 51,25; 7,20} Menm lè a yo jete yon gwo boul dife, tankou yon mòn, nan lanmè a. Yon tyè dlo lanmè a tounen san. ⁹Yon tyè sa k ap viv nan lanmè a mouri. E yon tyè batiman yo peri.

¹⁰Apre sa, twazyèm zanj lan jwe twonpèt li a. Yon gwo zetwal ki t ap boule tankou yon flanm dife, tonbe sòti nan syèl la. Li tonbe sou yon tyè laryè ak sous dlo yo. ¹¹Yo te rele zetwal sa a: Lapsent. Yon tyè nan tout dlo yo vin anmè kou fyèl. Anpil moun mouri poutèt dlo yo, paske dlo a te vin anmè.

¹²Apre sa, katriyèm zanj lan jwe ^{lz 14,12} twonpèt li a. Yon tyè solèy la, yon tyè lalin nan, ak yon tyè zetwal yo domaje. Konsa yo tout yo vini tou nwa. Yon tyè nan jou a pa parèt. Konsa tou pou lannwit la. ¹³Mwen gade ankò, mwen tande yon gwo malfini ki t ap vole nan mitan syèl la. Li t ap pale ak yon gwo vwa, li t ap di: «Malè! Malè! Malè pou moun tè a, apre rès son twonpèt twa

a epi l ap aji nan tan k ap vini an tou (**se sou tèm sa a Pwofèt yo te konn pale a**) pou jije sa ki mal epi tabli sa ki byen. Yon gwo malfini te vin avèti twa dènye kout klewon yo.

Chapit sa a se youn nan chapit ki plis atire atansyon moun epi ki fè mo "Apokalips" la gen sans anpil moun ba li a: tout kalamite nou kapab rankontre sou tè a. Liv Bon Konprann la di nou (Bon Konp 5,20-23) «**tè a leve kont pechè yo**». Lit pou konbat pwoblèm anviwònan an fè n dekouvrí, menm si sa fèt yon ti kras an reta, peche nou fè kont bagay Bondye mete sou tè a mennen nou nan lanmò, epi nou resevwa nouvel plizyè santèn milyon moun ki déjà kòmanse viv apokalips sa a. Sé pa yon aza ki fè Bondye kreye tè a epitou se pa t ap yon aza non-plis si ras Adan an te kapab disparèt ak li.

zanj ki pare pou sonnen yo, va sonnen. »

9^{12,4} Apre sa, senkyèm zanj lan jwe twonpèt li a. Mwen wè yon zetwal sòti nan syèl la tonbe sou tè a. Yo ba li kle gwo twou pi san fon an. ²Li louvri gwo twou pi san fon an. Yon lafimen monte sòti nan pi a tankou lafimen yon gwo boukan dife. Lafimen ki sòti nan pi a fè ni solèy la ni lè a vin tou nwa. ³Epi yon bann krikèt sòti nan lafimen an, vin sou tè a. Yo te ba yo menm pouvwa ak eskòpyon tè a. ⁴Yo te di yo pou yo pa t domaje zèb tè a, ni okenn fèy vèt, ni okenn pyebwa. Men pou yo domaje moun ki pa t gen mak Bondye a sou fwon yo sèlman. ⁵Yo mande yo pou yo pa touye moun sa yo, men pou yo toumante yo pou senk mwa. Touman yo te tankou touman yon eskòpyon ki mòde yon moun. ⁶Pandan jou sa yo moun va chèche lanmò, men yo p ap jwenn li. Yo va anvi mouri, men lanmò va pase lwen yo. ⁷Fòm krikèt yo te sanble ak chwal ki pare pou ale nan lagè. Sou tèt yo chak te gen yon bagay ki sanble ak yon kouwòn lò. Figi yo menm te tankou figi moun. ⁸Yo te gen cheve tankou cheve fi. Dan yo menm te tankou dan Lyon. ⁹Sou lestonmak yo, yo te gen yon plak fè pou pwoteje yo. Lè yo bat zèl yo, yo fè bri tankou yon bann kabwèt chwal ki pral nan lagè. ¹⁰Yo te gen ke sanble ak eskòpyon, ak yon pikan, epi nan ke yo pouvwa toumante moun pandan senk mwa. ¹¹Yo te gen yon wa alatèt yo. Se zanj gwo twou san fon an. Nan lang

9,1-12: Entèvansyon Bondye a touche sa ki mal, epi detwi I. **Krikèt yo** fè nou sonje uityèm malè Lejip la (Egzòd 10,11-15), men krikèt yo tankou yon lame (Jowèl 1-2) k ap atake moun ki pa genyen mak Bondye a, sa vle di, moun k ap pèsekite pèp Bondye yo. Jan sanble ap pale sou gwo nasyon yo, ki toujou ap goumen pou youn dominen lòt. Pèsekite yo te detwi tèt yo akoz mal yo fè yo.

9,13-21: Nan Ansyen Kontra a, se nan rejyon

ebre yo rele li: Abadòn. Nan lang grèk yo rele li: Apolyòn.

¹² Premye malè a pase. Men gen de lòt malè ankò ki gen pou vini apre sa.

¹³ Lè sa a sisyèm zanj lan jwe twonpèt li a. Mwen tande yon vwa ki t ap sòti nan kat kòn lotèl lò ki te devan Bondye a.

¹⁴ Vwa a pale ak sisyèm zanj ki te kenbe twonpèt la. Li di l konsa: Lage kat zanj ki mare bò gwo larivyè Lefrat la. ¹⁵ Yo lage kat zanj yo. Yo te pare yo pou lè a, pou jou a, nan mwa a, nan lane a, pou yo te kapab touye yon tyè nan moun yo.

^{16,12}

¹⁶ Kantite sòlda sou chwal ki te genyen: de san milyon, mwen tande kantite yo. ¹⁷ Konsa mwen te wè chwal yo nan vizyon an ak sila yo ki te chita sou yo, ki te gen yon pwotèj fè sou les-tomak yo koulè dife, koulè vyolèt ak koulè souf. Tèt chwal yo tankou tèt Lyon. Yon dife t ap sòti nan bouch yo, ak lafimen ak souf. ¹⁸ Twa gwo malè sa yo ki t ap sòti nan bouch chwal yo: dife, lafimen ak souf, te touye yon tyè moun yo. ¹⁹ Reyèlman vre, pouvwa chwal yo se nan bouch yo ak nan ke yo li ye. Reyèlman vre, ke yo se tankou sèpan, yo gen plizyè tèt, epi se ak yo, yo fè mechanste.

²⁰ Malgre sa, rès moun yo, sa ki pa t mouri anba gwo malè sa yo, pa t chanje kè yo, yo pa t sòti nan zèv men yo, pou yo pa adore demon yo ak zidòl lò, ajan, bwonz, wòch ak bwa, zidòl ki pa kapab ni wè, ni tande, ni mache. ²¹ Epi yo pa t chanje kè yo sòti ni nan krim yo ni nan maji yo, ni nan dezòd yo e nan vòlò yo.

Dan
5,4;
Sòm
135,15

bò larivyè Lefrat la lame lènmi yo te konn sòti. Sisyèm klewon an montre jou ijijman rele nou nan chemen konvèsyon : kite zidòl yo epi aksepte sèl Mèt tout moun nan: Bondye li menm. Men tankou Farawon Lejip la, moun yo pa sispann adore zidòl yo, bagay ak moun, yo mete nan plas Bondye. Kòm konsekans, yo te toujou rete nan fè sa ki mal, paske se toujou fo bondye yo t ap adore epi sèvi. Si nou adore Granmèt la, nou se pòtre I, men si nou mete ajenou devan zidòl yo, nou rete pòtre zidòl sa yo nou adore yo.

Zanj la ak ti liv la

10¹ Apre sa, mwen wè yon lòt zanj ki gen anpil fòs. Li t ap desann sòti nan syèl la, vlope nan yon gwo nwaj ak yon lakansyèl sou tèt li. Figi li te tankou solèy la. Janm li yo te tankou poto dife. ²Li te kenbe yon ti liv louvri nan men li. Li mete pye dwat li sou lanmè a, pye gòch li menm sou tè a. ³Li pran rele byen fò tankou yon Lyon k ap gwonde. Lè li rele, sèt loray yo pale ak vwa yo. ⁴Lè sèt loray yo pale, mwen ta pral ekri e mwen tandé yon vwa sòti nan syèl la ki di: Mete sele sou sa sèt loray yo sòt di a. Pa ekri yo. ⁵Apre sa, zanj mwen te wè kanpe sou lanmè a ak sou tè a, leve men dwat li nan syèl la. ⁶Li fè sèman sou Sila a ki vivan pou toutan an, Sila a ki kreye syèl la ak tou sa ki ladan li, tè a ak tou sa ki ladan li, lanmè a ak tou sa ki ladan li: «Pa gen delè ankò. ⁷Men jou yo va tandem setyèm zanj lan, lè li pral jwe twonpèt li a, plan sekrè Bondye a ap fin reyalize, jan li te anonse Bon Nouvel la bay pwòp sèvitè li yo, pwofèt yo. »

⁸Apre sa, vwa mwen te tandem sòti nan syèl la, pran pale ak mwen ankò, antan l ap di: «Al pran liv ki louvri nan men zanj ki kanpe sou lanmè ak sou tè

Dan
12,4Dlw
32,40Wm
16,25;
Ef 1,9;
Kol
1,26

a. » ⁹Mwen pwoche bò kote zanj lan. Mwen di li ban mwen ti liv la. Li di mwen konsa. «Pran li, manje li. L ap gen yon gou anmè nan vant ou. Men, nan bouch ou l ap dous tankou siwo myèl. » ¹⁰Mwen pran ti liv la nan men zanj lan. ^{Ezk 3,3} Mwen manje li, li te dous tankou siwo myèl nan bouch mwen. Men lè mwen fin manje l, vant mwen vin anmè.

¹¹Apre sa, yo di mwen: «Se pou w pale tankou pwofèt ankò sou anpil pèp, ak pèp etranje, ak lang ak wa. » <sup>Jer
1,10</sup>

De temwen yo

11¹ Apre sa, yo ban mwen yon règ ki sanble ak yon baton pou pran mezi. Yo di mwen konsa: Leve. Al pran mezi kay Bondye a ansanm ak lotèl la, ni ak moun k ap adore nan Tanp lan. ²Men pa okipe gwo lakou ki deyò Tanp lan, pa mezire l. Paske se pou pèp etranje yo li ye, yo menm ki gen pou pilonnen lavil ki sen an anba pye yo, pou karandé mwa. ³M ap voye de temwen m yo, yo pral pale tankou pwofèt pou mil desanswasant jou, antan yo abiye ak rad sak.

⁴De temwen sa yo, se de pye oliv yo ^{Zak 4,3} ak de chandelye yo, ki kanpe devan Granmèt tè a. ⁵Si yon moun vle fè yo

Ezk
40,3;
Zak 2,1Lk
21,242Wa
1,10

10,1-3 : Zanj ki gen anpil fòs la montre Bondye pral aji ak gwo pouvwa. **Lakansyèl la** reprezante sa Bondye fè ak kè sansib li, sa touche tout bagay (**lanmè ak tè**). **Ti liv louvri a** se Levanjil la. Ak mesaj klè sa a, ki touche tout moun: Bondye montre li vle sove tout moun, li rele yo pou yo chanje kè yo epi pou yo tounen vin jwenn li.

10,4-10 : Levanjil la yo pa dwe ekri l, paske pawòl li a pral reyalize prese prese (**pa gen delè ankò**), paske ak setyèm klewon an, mèvèy Bondye a ap reyalize: sa vle di, l ap tabli Gouvenman li a (11.15). Jou jjiman an ak kè poze a ki make finisman listwa a, rive atravè anons Levanjil la. Pou sa, yo **dwe manje** l, sa vle di, yo dwe pran li pou yo viv li, epi pou yo bay temwayaj sou li. Li dous paske li anonse syèl la, men, li anmè tou, paske li pote pèsekisyon.

10,11 : Misyon pèp Bondye a se kontinye pote pawòl pwofèt yo bay tout pèp, tout nasyon, nan tout lang ak nan peyi tout wa. Bay Pawòl pwofèt yo vle di, anonse Levanjil la, oswa, kontinye temwayaj Jezi te bay la.

11,1-2 : Ak de temwen, Jan montre nou misyon Legliz genyen sou tè a: pote Levanjil la bay tout moun, toupatou; lènmi Legliz la ki sou tè a ap chèche bouche vwa li, tout pèsekisyon sa yo initil, paske Legliz rive bay tout pawòl Levanjil la.

Tanp la, lotèl la epi moun k ap adore yo, se senbòl pèp Bondye a. Se nan li Lespri Bondye a rete. Karandé mwa (**1260 jou = twazan edmi**). Se tan pèsekisyon Wa Antyokis 4 te fè kont Jwif yo te dire; li te tounen yon tan senbòl pou pale sou dènye tan yo. Sa vle di, dènye tan yo kòmanse ak Jezi ki te leve byen vivan an jis delivrants lan rive nan dènye bout li.

11,3-6 : De temwen yo reprezante Pèp Bondye a, ki fè misyon pwofèt li a. **Rad sak** la reprezante tan pèsekisyon ak penitans la. Nan Zakari 4,14, de pye oliv yo reprezante de chèf, politik ak reliye, k ap rebati pèp Bondye a. Jan montre nou, nouvo Pèp Bondye a, se kreyen yo ki anonse Levanjil la. Mamm pèp Bondye yo se limyè Bondye a pou tout tè a (**chandelye**), epi yo se pwofèt tankou Moyiz (**pouvwa sou dlo yo**)

mechanste, dife ap sòti nan bouch yo pou devore lènmi yo. Epi, si yon moun ta chèche fè yo mechanste, konsa li gen pou li mouri. ^{7,17; 1Wa 17,1; Jak 5,17} ⁶ Yo gen pouvwa fè men syèl la pou okenn lapli pa tonbe, mezi jou y ap bay mesaj pwofèt yo a.

Yo gen pouvwa tou pou yo fè dlo tounen san, epi frape tè a ak tout gwo malè toutotan yo vle.

^{Dan 7,25} ⁷ Lè yo va fin sèvi temwen, Bèt sovaj la pral monte sòti nan twou san fon an, li pral fè lagè kont yo. L ap gen viktwa sou yo epi li pral touye yo.⁸ Kadav yo pral rete sou plas gran vil la, sa yo rele anparabòl Sodòm oswa Lejip, kote yo te kloure Granmèt yo a sou kwa a tou. ⁹ Moun ki sòti nan pèp yo, fanmi yo, lang yo ak pèp etranje yo, ap wè kadav yo twa jou edmi. Yo p ap pèmèt yo mete kadav yo nan kavo, ¹⁰ epi moun tè a ap pran plezi sou yo. Y ap fete. Youn ap voye kado bay lòt. Paske de pwofèt sa yo, te bay moun tè a anpil pwoblèm.

^{2Wa 2,11} ¹¹ Apre twa jou edmi yo, yon souf lavi ki sòti nan Bondye te antre nan yo. Yo kanpe sou pye yo. Yon gwo sezisman tonbe sou moun k ap gade yo. ¹² Yo te tande yon gwo vwa sòti nan syèl la ki t ap di: «Monte bò isit.» Epi yo te monte nan syèl la nan nyaj la, devan je lènmi yo. ¹³ Menm lè a vin gen

epi tankou Eli (**pouvwa sou dife ak lapli**). Gen moun save ki di de temwen sa yo reprezante apot Pyè ak Pòl tou yo te fè pase mati.

11,7-10: Bay pawòl Pwofèt la vle di bay laverite a, epi bagay sa a mennen moun ki di laverite nan pèsekisyon ak lanmò. Se konsa kretyen yo kontinye sèvi Jezi temwen. **Bèt la** se idolatri pouvwa politik moun yo pran kòm yon bagay ki bon nèt, epi yo mete l nan plas Bondye, tankou lanprè women an. **Gwo vil la** se kote pouvwa rete, li gate lavi moun tankou Sodòm, li mete moun nan esklavaj tankou Lejip, epi li kloure Jezi sou kwa tankou lavil Jerizalèm. Gen moun ki kontan lè yo touye temwen yo. Sosyete ki pa vle abandonnen zidòl yo, ni pa vle resevwa pwofèt yo, yo kontan lè yo te kapab touye yo.

11,11-14: Viktwa Bèt la kout (**twa jou edmi**), paske Lespri Bondye a leve temwen yo byen vivan (Ezekyèl 37,10). Y al bò kote Bondye. Rezulta misyon pwofèt la se aksyon Bondye (**tran-**

yon gwo tranblemanntè. Yon pòsyon sou dis nan lavil la te kraze. Epi gen non set mil moun ki mouri nan tranblemanntè a. Epi rès yo, laperèz te anpare yo. Epi yo te bay Bondye ki nan syèl la glwa.

¹⁴ Konsa, dezyèm malè a te pase. Men atansyon, twazyèm nan ap vini byen vit.

Setyèm twonpèt la

¹⁵ Apre sa, setyèm zanj lan jwe twonpèt li a. Mwen tande yon gwo vwa ki t ap di: «Pouvwa wa sou tè a, se nan men Granmèt nou an ak nan men Kris li a sa ye. L ap kòmande kòm wa.»

¹⁶ Vennkat Ansyen yo ki te chita sou fotèy yo devan Bondye, tonbe fas ba, epi yo adore Bondye, ¹⁷ antan y ap di: Granmèt, Bondye ki gen tout pouvwa, ou menm ki la epi ki te toujou la, n ap di w mèsi, paske ou fin resevwa gwo pouvwa w la, epi w kòmande kòm wa.

¹⁸ Pèp etranje yo te fè kòlè. Men kòlè pa w la rive, ak lè pou ou jije moun ki mouri yo, pou ou bay sèvitè yo rekompans yo: pwofèt yo, moun ki sen yo, sila yo ki respekte Non w yo, piti kou gran, oubyen pou w detwi sila yo k ap detwi tè a.

^{Sòm 2,1; 46,7} ¹⁹ Lè sa a, Tanp Bondye a ki nan syèl la, louvri. Yo wè kòf kontra li a parèt

^{12,10; Sòm 2,2; Dan 2,44}

^{Sòm 2,1; 46,7}

^{15,5; 2Mkb 2,8}

blemanntè a). Bondye aji grasa temwayaj kretyen yo. Li jije listwa ak moun yo e se sa ki fè moun yo tounen vin jwenn Bondye. Se moun sa yo ki toujou rete vivan apre gwo kalamite yo epi yo bay Bondye Iwanj nan syèl la.

11,15-19: Setyèm klewon fè konnen plan Bondye ki Wa a tounen reyalite grasa pwofèt pèp Bondye yo ak moun ki sen yo (7,10; 11,1-13). Pèp Bondye a (**vennkat ansyen yo**) bat bravo pou Bondye ki gen tout pouvwa, li gouvenen epi li bay jistis. Yo pa pale sou Bondye k ap vini, paske li vin déjà nan temwayaj Jezi ak patizan l yo.

Kòf Kontra a montre Bondye nan mitan Pèp la. Kontra a te fèt nan temwayaj pwofèt pèp Bondye a.

Sòti chapit 12, 1 rive nan chapit 16,20 se pati ki pi konsekan nan liv la. Li montre tan pèp Bondye a se tan pou li batay kont fòs sa ki mal la. Batay sa a pral dire vous listwa a fini nèt.

nan Tanp li a. Apre sa, vin gen kout zèklè ak vwa, kout loray ak tranblemanntè ak gwo lagrèl.

Madanm nan ak dragon an

Sòm
104,2;
DtW
6,10;
Jen
37,9;
3,16

Mic
4,9;
Iz 7,14;
66,7

12 ¹ Yo wè yon gwo siy nan syèl la. Se yon madanm ki vlope ak solèy, lalin nan anba pye li, yon kouwòn douz zetwal sou tèt li. ² Li ansent. L ap pouse rèl antan l ap soufri doulè tranche, epi antan li nan touman pou akouche.

³ Yo wè yon lòt siy nan syèl la tou. Se yon gwo dragon wouj dife, ki gen sèt tèt, dis kòn, ak sèt kouwòn sou tèt li. ⁴ Ke li trennen sou yon tyè nan zetwal ki nan syèl la epi li jete yo sou tè a. Apre sa, dragon an kanpe devan madanm ki t ap akouche a pou li devore ti pitit la kou li fèt. ⁵ Madanm nan akouche yon ti pitit gason. Se li menm ki pral mennen tout pèp etranje yo ak yon baton fè. Men yo pran pitit li a pote ale bò kote Bondye ak bò kote fotèy li.

Kounye a, Jan prezante viktwa sou fòs sa ki mal la, anbyans kote kretyen yo travay kòm pwofèt epi konsekans temwayaj yo, sa vle di, jou jijman an.

Se isit la dezyèm pati vizyon Jan an kòmanse. Apre lane 70, lè jeneral women an, Titis, te detwi Tanp Jerizalèm nan, kretyen yo te kite òganizasyon jwif yo nèt. La a, gen yon seri sèt vizyon nan syèl la ki kòmanse. De premye vizyon yo prezante nou moun ki aji nan listwa, Fanm nan ak Dragon an, sa vle di Pèp Bondye a ak demon an. Fòs fènwa yo k ap lite kont fòs limyè yo. Legliz ale rankontre nasyon yo, pèp etranje yo, antan l ap lite kont pisans demon an. Pisans demon an se tout pwojè moun, ki pa kadre ak lavi pèp la.

12,1 : Li parèt antoure ak limyè zetwal yo, men l ap soufri ak doulè tranche. Bondye mennen l pou li rive nan syèl la. Tout listwa nou se pare nou pare tèt nou pou n rive bò kote Bondye, men tout tan sa a se tan soufrans li ye, akòz Levanjil la. Fanm nan akouche yon ti gason, se Kris la menm.

Madanm sa a reprezante plizyè bagay : li se Èv, manman tout moun sou tè a (Jenèz 3,15-20) ; li se pèp Izrayèl la tou (douz zetwal = douz branch Fanmi yo) ; li se nouvo Pèp Bondye a k ap tann Sovè a (Izayi 66,7) ; li se Mari, manman Jezi epi manman patizan l yo tou (Jan 19,25-27) epi se Pèp Kontra tounèf la (douz zetwal = douz apot), sa vle di Legliz la.

⁶ Madanm nan menm sove nan dezè a, kote Bondye te pare yon plas pou li, pou yo ba li manje la mildesanswasant jou.

⁷ Lè sa a yon sèl batay blayi nan syèl la : Michèl ak zanj li yo, pran goumen ak dragon an. Dragon an menm ak zanj pa li yo goumen. ⁸ Men, li pa reyisi epi yo pa jwenn plas yo nan syèl la ankò. ⁹ Yo jete gwo dragon an deyò, sèpan lontan an, sa yo rele dyab la oswa Satan, sa k ap plede twonpe tout moun ki sou tè a. Yo jete li sou tè a, epi yo jete zanj li yo ansanm ak li.

¹⁰ Mwen tande yon gwo vwa nan syèl la k ap di : « Kounye a delivrans lan rive, ansanm ak pisans, ak pouvwa wa Bondye nou an, ak otorite Kris li a, paske sila a ki t ap akize frè nou yo, yo mete li deyò. Li t ap plede akize yo devan Bondye nou an lajounen tankou lannwit. ¹¹ Men yo menm yo ranpòte viktwa sou li grasa san Ti Mouton an, grasa pawòl yo, lè yo sèvi temwen. Yo

Dan
12,1;
10,13

Jen
3,15

12,3-4 : Dragon se yon bète, yon mons lespri moun te kreye : li ta sanble ak yon gwo koulèv. Nou jwenn li nan Ansyen Kontra a (Jòb 7,12 ; Som 74,13 ; Izayi 51,9). Dragon an reprezante sila a ki fè sa ki mal la, kidon Satan, lènmi Bondye a. Dragon an simen legoyis, lögéy ak lide ki defòme moun yo ak gwoup sosyal yo. Dragon an mete, nan kè moun, anvi pouvwa, anvi richès, anvi prestij. Dragon an se yon ansasen (**koulè wouj**), li gen tout pouvwa sou nasyon ki sou tè a (**7 tèt ak 7 kouwòn**), men fòs li gen limit (**chif 10**). Li goumen kont Pwojè Bondye a, ki se pwojè lavi (**zetwal nan syèl la**). Li vle devore Pitit madanm lan, Sovè ki te vini pou detwi l la.

12,5-6 : Pitit la se Jezi, ki te fèt pou gouvènen nasyon yo ak pou detwi pouvwa dragon an. Ak lanmò l, ak leve li leve byen vivan an, li te kraze fòs sa ki mal la. Kounye a, sitiayson pèp Bondye a se tankou pèp Izrayèl nan dezè a, yo te jwenn delivrans anba esklavaj nan Lejjip, men, y ap viv nan dezè a jous listwa a fini (**mil desanswasant jou**) nan mitan pèsekisyon, men, nan zanmitay ak Bondye.

12,7-12 : Yo te derasinou tou sa ki mal nèt, Michèl (**Non Michèl la vle di « Kilès ki tankou Bondye »**) mete Dragon an deyò. Bib la rele li sèpan, dyab, Satan. Men kretyen yo pa dwe rete konsa, ak de bra yo kwaze paske Jezi te ranpòte viktwa sou Satan. Malveyan an ap kontinye travay sou tè a, malgre viktwa Kris la, l ap kontinye pèsekite moun sou tout fòm.

pa t renmen lavi yo, jis yo mouri.
Dan 7,4
¹² Poutèt sa se pou ou kontan, syèl la,
Dan 7,4
44,25 ak nou tout ki abite nan li. Malè pou tè
12 a ak pou lanmè a, paske dyab la de-
44,25 sann sou nou. Li move anpil, paske li
12 konnen pa gen anpil tan ki rete li. »

Jen 3,1 ¹³ Lè dragon an wè yo te jete li sou tè
19,4; a, li pran kouri dèyè madanm ki te fè
Lk 40,31 ptit gason an. ¹⁴ Men yo bay madanm
19,4; nan de zèl gwo malfini an pou li vole al
19,4; nan plas li nan dezè a, byen lwen sè-
19,4; pan an. Se la yo ba li manje pou yon
19,4; tan, kèk tan ak mwatye yon tan. ¹⁵ Epi
19,4; sèpan an voye dlo tankou yon larivyè
19,4; sòti nan bouch li dèyè madanm nan
19,4; pou pote l ale. ¹⁶ Men tè a vin bay ma-
19,4; danm nan konkou, li louvri bouch li,
19,4; epi li vale larivyè a, sa dragon an te
19,4; jete sòti nan bouch li a. ¹⁷ Se pa ti move
19,4; dragon an move sou madanm nan. L al
19,4; fè lagè kont lòt ptit madanm nan, sa
19,4; vle di ak tout moun k ap obeyi kò-
19,4; mandman Bondye yo, k ap sèvi Jezi
19,4; temwen. ¹⁸ Apre sa, li kanpe sou sab bò¹⁸
19,4; lanmè a.

De bèt yo

11,7; Dan 7,3 **13** ¹ Lè sa a mwen wè yon bèt sovaj
11,7; ki t ap monte sòti nan lanmè a, li
11,7; te gen dis kòn ak sèt tèt. Li te gen dis

12,13-18 : Poutèt sa, kounye a, li pèsekite kretyen ki swiv Jezi yo. Men Bondye toujou pwoteje yo, jous listwa a fini (**twa zan edmi= mil desanswasant jou**). Tan sa a se tan pèsekison an (**larivyè**) men, tankou nan Egzòd la, Pèp Bondye a pral reyisi kanmenm.

13,1-18 : Pèp Bondye a preche nan Gwo vil (11,8) kote pouvwa yo rete, kote yo tounen yon pouvwa ki vle pran plas Bondye epi mete moun anba leslavaj.

13,1-4 : Bèt la se pouvwa Lanpi women an. Nan epòk Jan, pouvwa politik la chita Wòm, yo te batì li bò lanmè Mediterane a. Bèt la se sèvitè Dragon an ki fè travay li fè pwogrè nan listwa (**sèt tèt ak dis kòn, li pral bay esplikasyon nan Apokalips 17**).

Bèt la sanble ak bèt yo rele leyopa a. Se pòtre lame Wòm nan. Pouvwa Lanpi women an sòti nan Dragon an paske yo gen yon pwojè lanmò pou pèp yo. Joure Bondye se pran bagay oubyen moun pou Bondye, gwo nèg yo pran plas Bondye pou chita otorite yo epi pou toupizi

ti kouwòn sou kòn li yo. Sou tèt li yo te gen yon non ki te yon gwo jouman pou Bondye. ² Bèt sovaj mwen te wè a te sanble ak yon leyopa. Pat li yo te tankou pat yon lous, bouch li te tankou bouch Lyon. Dragon an ba li pouvwa li, fotèy li a ak gwo otorite. ³ Youn nan tèt li yo, te pran yon kou pou touye li. Men blese ki pou ta touye li a, te geri. Tout tè a te sezi, epi li pran mache deyè bèt sovaj la. ⁴ Epi yo adore dragon an, paske li te bay bèt sovaj la otorite. Yo adore bèt sovaj la tou, antan yo t ap di: « Kilès ki tankou bèt sovaj la ? Kilès ki kapab goumen ak li ? » ⁵ Yo te ba li yon bouch pou li di gwo mo ak jouman kont Bondye. Yo te ba li otorite fè sa karannde mwa. ⁶ Li louvri bouch li pou li joure Bondye, pou li joure Non li, ansanm ak tant kote li rete a, ni ak sila yo ki monte tant yo nan syèl la. ⁷ Yo te ba li fè lagè kont moun ki sen yo, pou li ranpòte viktwa sou yo. Yo te ba li otorite sou tout branch fanmi, tout pèp, tout lang ak tout nasyon. ⁸ Tout moun sou tè a pral adore li, sila yo ki pa gen non yo ekri, depi tè a te fèt, nan liv Ti Mouton yo te koupe gòj li a.

⁹ Si yon moun gen zòrèy se pou li koute. ¹⁰ Moun ki la pou al nan chenn,

Dan 7,4

Lk 4,6

Dan 7,8

Dan 7,25

3,5

Dan 12,1

Jer 15,2;

moun. Bèt la se yon gwo pisans (leyopa, Lyon : Danyèl 7,4-7). Dragon an ak Bèt la vle pase Bondye nan betiz, paske li te bay Jezi ki te leve byen vivan pouvwa sou listwa (Apok.4-5). Lanpi women an pa fini ak Newon (**tèt ki blese epi ki geri**). Foul moun yo te sezi wè sa, epi yo adore Bèt la tankou Bondye : « Yo di kilès ki tankou Bèt la ? » pou yo kanpe devan kretyen yo ki di « Kilès ki tankou Bondye ? »

13,5-8 : Bèt la ap aji jous listwa a fini (**karande mwa**). Lanpi a vle bay betiz yo di kont Bondye yo valè, epi li vle prezante yo tankou yon bon bagay ki sòti nan Bondye. Li sèvi ak sa pou li ka aji sou konsyans moun yo. Tout moun ki pa konnen epi ki pa viv temwayaj Jezi a, yo t ap adore Bèt la. Men, patizan Jezi yo soufri pèsekison ak lanmò, paske yo pa aksepte sèvi zidòl sa a.

13,9-10 : Pou kretyen yo kenbe fèm nan mitan soufrans yo, epi reziste nan lafwa, yo dwe rete nan Lespri Jezi Kri a, epi ak konfyans Bondye ap reyalize pwojè li a.

^{Ap}_{14,12} pral nan chenn. Moun ki la pou mouri anba kout manchèt, pral mouri anba kout manchèt. Se la, pasyans ak konfyans moun ki sen yo, rete.

^{Mt 7,15} ¹¹Lè sa a mwen wè yon lòt bêt sovaj ki t ap monte sòti nan tè a. Li te gen 2 kòn tankou mouton, li t ap pale tankou dragon. ¹²Li fè tout otorite premye bêt sovaj la parèt devan li. Epi li fè tè a ak tout moun ki abite ladan li, adore premye bêt sovaj la, sa ki te geri anba blese ki te pou touye li a.

^{Mt 24,24;}
^{2Tés 2,9}
^{Dan 3,5} ¹³Li t ap fè anpil gwo mirak, jis li fè ata dife sòti nan syèl la desann sou tè a devan moun yo. ¹⁴Li te twonpe moun sou tè a ak mirak yo te ba li pouvwa fè anba je bêt sovaj la. Li t ap di moun sou tè a pou yo fè pòtre bêt sovaj ki te gen blese ak kout manchèt lan, men k ap viv la. ¹⁵Yo te ba li pouvwa mete lespri sou pòtre bêt sovaj la, dekwa pou pòtre bêt sovaj la ta menm pale, epi pou li fè tout moun ki pa adore pòtre bêt sovaj la, yo touye yo.

¹⁶E li fè yon fason pou tout moun, piti kou gran, rich kou pòv, esklav kou sa ki pa esklav, pou yo ba yo yon mak sou men dwat yo, oswa sou fwon yo. ¹⁷Sitèlman pèsonn pa t kapab ni achte ni vann, anwetan sila yo ki gen mak non bêt sovaj la, oswa chif non li an.

¹⁸Se isit la bon konprann lan ye. Moun ki gen lespri se pou li kalkile chif bêt sovaj la. Reyèlman vre, se chif yon moun li ye. Chif li a se : sisanswasannis.

Ti Mouton an ak moun ki sove yo

14 ¹Epi mwen wè : men Ti Mouton an kanpe sou mòn Siyon an. Te gen ak li sankarannkat mil moun ki te gen Non li ansanm ak non Papa li ekri sou fwon yo.

^{Sòm 2,6;}
^{Jl 3,5;}
^{Ezk 9,4}

²Epi mwen tandé yon vwa ki sòti nan syèl la tankou bri gwo dlo, oswa bri yon gwo kout loray. Vwa mwen tandé a te tankou vwa gitaris k ap jwe mizik sou gita yo. ³Y ap chante yon kantik tounèf devan fotèy la, devan kat Vivan yo ak devan Ansyen yo. Pèsonn pa t kapab aprann chante sa a sòf sankarannkat mil moun sa yo, sa yo te peye pri delivrans yo sou tè a. ⁴Moun sa yo te rete pwòp, san yo pa t sal tèt yo ak fi. Reyèlman vre, yo vyèj. Yo t ap mache dèyè Ti Mouton an tout kote li pase. Se sila yo, yo te peye pri delivrans yo pamí tout moun, kòm premye kado yo ofri bay Bondye ak Ti Mouton an. ⁵Epi yo pa jwenn manti nan bouch yo, yo san tach.

^{5,9;}
^{Iz 42,10}

⁶Lè sa a mwen wè yon lòt zanj ki t

^{Iz 53,9;}
^{Sof 3,13}

13,11-12 : Dezyèm bêt la, apre sa yo rele l **fo pwofèt** (16,13), se pwopagann lide ki soutni pouvwa Dragon an epi ki chita sou manti. Li prezante sa ki mal la tankou byen (**mouton ak dragon**), pou fè moun yo aksepte sa ki mal la, kòmsi li sòti nan Bondye. Se yon fo figi Lespri Sen an (Jan 14,26).

13,13-17 : Tout fo pwofèt yo pwomèt mirak ak chanjman, men se pa laverite. Yo fè sa pou yo soutni pouvwa yo ak pou yo pran tèt pèp la. Gras a gwo taktik sa a, dezyèm Bèt la kontwole aksyon (**men dwat**) ak lide yo (**fwon**) nan tout sosyete a (**tout kategori sosyal**). Pou yo kapab patisipe nan ekonomi an (**achte ak vann**), tout moun dwe panse epi aji menm jan ak premye Bèt la. Fòse tout klas sosyal yo panse menm jan, aji menm jan, se yon komedi yo fè sou Gouvènman Bondye a.

13,18 : Jan pran premye bêt la pou lanprè women epòk là. Chif 666 la, dapre valè chif yo nan lang ebre, koresponn ak non Seza Newon.

Yo kwè lanprè Domisyen se Seza Newon ki te leve byen vivan ak tout mechanste li yo. Men chif 666 la, li vle di tou, yon bagay ki pa bon twa fwa, paske chif 6 la pa rive chif 7, li se mwatye douz. Konsa li montre feblès pouvwa bout di lanprè women an. Li p ap janm vin menm jan ak Gouvènman Bondye a. L ap toujou rete nan fè lanmò blayi toupatou.

Chapit 14 la prezante yon vizyon ki anonse sa k ap vini. Kretyen yo dwe bay temwayaj Levanjil la kote Dragon an ak Bèt la ap dominén, epi rezilta final la se jijman an.

14,1-5 : Kretyen yo nan kan Bondye ak Ti Mouton an (**mak nan fwon an**). Chante tounèf la anonse jou jijman an ak delivrans lan. Se Pèp Bondye a sèlman ki kapab aprann chan sa a, paske se li sèl ki konnen pwojè Bondye a.

Yo kenbe pawòl yo (**vyèj**), epi yo suiv Ti Mouton an, pandan y ap sévi Jezi temwen jis nan bout.

14,6-7 : Li di se pou tout moun gen krentif

ap vole nan mitan syèl la. Li gen yon bon nouvèl pou li bay tout moun ki rete sou tè a, bon nouvèl ki la pou toutan an, pou moun tout nasyon, tout branch fanmi, tout lang, tout pèp. ⁷Li t ap pale byen fò, li t ap di: Gen krentif pou Bondye, ba li glwa, paske lè jijman li an rive. Adore Sila a ki fè syèl la, tè a, lanmè a ak sous dlo yo.

^{Iz 21,9;} ^{Jer 25,25} ^{Mt 10,28} ^{Jen 19,24;} ^{Iz 34,9} ^{Iz 34,10} ^{Iz 57,1;} ^{Eb 4,10} ¹³ Epi mwen tande yon vwa nan syèl la ki di: «Ekri: Ala chans pou mò yo, sa ki mouri nan Granmèt la. Depi kounye a—wi, se sa Lespri a di—y ap jwenn repo sòti nan fatig yo a. Reyèlman vre, zèv yo te fè yo, ap mache ansanm ak

yo. » ¹⁴Apre sa, mwen wè: men yon nyaj blan. Yon fòm ki sanble ak yon pitit moun te chita anwo nyaj la. Li te gen yon kouwòn lò sou tèt li ak yon kouto digo byen file nan men li. ¹⁵Yon lòt zanj sòti nan Tanp lan, k ap rele ak yon gwo vwa bay sila a ki te chita anwo nyaj la: «Voye kouto digo w la epi rekòlte. Paske lè rekòt la rive. Rekòt tè a fin mi. » ¹⁶Lè sa a sila a ki chita anwo nyaj la voye kouto digo a sou tè a. Menm lè a tout rekòt tè a fèt.

Dan 7,13

Mt 13,39

¹⁷Yon lòt zanj sòti nan Tanp ki nan syèl la. Li menm tou, li gen yon kouto digo byen file.

¹⁸Yon lòt zanj ankò sòti bò lotèl la, ki gen pouwva sou dife a. Li pale byen fò ak sila a ki gen kouto digo file a: «Voye kouto digo file w la pou w koupe tout grap rezen sou tè a, paske rezen yo fin mi. » ¹⁹Lè sa a zanj lan voye kouto digo li a sou tè a, li koupe tout grap rezen ki sou tè a, li jete yo nan gran basen kòlè Bondye a. ²⁰Epi yo pilonnen basen rezen an anba pye yo andeyò lavil la. San t ap koule sòti nan basen an. Li kouvri yon distans mil sis san estad konsa. Li monte, li rive wotè brid chwal yo.

Iz 19,15; Iz 63,1

Sèt zanj yo ak sèt gwo malè yo

15 ¹Apre sa, mwen wè yon lòt siy nan syèl la, yon gwo siy san parèy: sèt zanj ki kenbe sèt gwo malè. Se sèt dènye gwo malè yo. Ak yo kòlè

devan sèl Bondye vivan ak toutbon vre a, epi se pou moun fè konpliman pou li sèlman. Bon Nouvèl sa a se jijman an, paske li denonse fòs pouwva ki soutni sa ki mal la, epi li envite tout moun pou chanje kè yo vin jwenn Bondye.

14,8: Anons Bon Nouvèl la demaske zidòl yo, epi li fè gwo vil ki te batì sou zidòl yo tonbe (**vye dezòd**). Babilòn se senbòl lavil Wòm.

14,9-11: Moun ki swiv Bèt la, epi ki adore I, ap disparèt ansanm ak vil ki chita sou sèvis zidòl pouwva a. Moun ki pa chanje kè I ak mantalite I pou I tounen vin jwenn Bondye toutbon an, ap tonbe ak zidòl yo (**gode kolè Bondye a**).

14,12-13: Jou jijman an, pèp Bondye a ap kenbe fèm nan bay temwayaj ak nan konfyans, I

ap konnen temwayaj li bay la ap mache ak li jis li rive devan Bondye.

14,12-20: Bon Nouvèl la anonse jou jijman an, k ap rive ak Jezi, Pitit moun nan (Danyèl 7,13-14). Se li menm ki Mèt listwa a (**li chita**), li Bondye (**nyaj blan**), li Wa (**kouwòn**) epi li gen pouwva pou jijman an (**li gen fòs**). **Kouto digo a** se jijman an ki separe sa ki bon ak sa ki pa bon yo (Matye 13,24-30). **Rezen yo fin mi** se jijman an ki kondanen sa ki pa bon yo epi se yon repous pou demann kretyen ki soufri pèsekisyon yo (Ap 6,10).

15,1-4: Jan pare moun yo pou I pale yo sou sèt gwo malè yo. Li fè yo sonje egzòd pèp Izrayèl te viv nan kòmansman listwa li a. Apre yo te tra-

^{4,6;} Bondye a ap rive bout. ^{13,15} ²Apre sa, mwen wè yon bagay tankou yon lanmè kris-tal mele ak dife. Mwen wè moun ki te ranpòte viktwa sou bêt sovaj la tou, sou pòtre li, ak sou chif non li a. Yo kanpe sou lanmè kristal la, yo gen nan men yo gita Bondye yo. ³Y ap chante chante Moyiz, sèvitè Bondye a, an-sam ak chante Ti Mouton an, antan y ap di:

Granmèt Bondye ki gen tout pou-vwa yo, ou gran, yo san parèy aksyon w yo!

Ou menm wa nasyon yo, chemen w yo kòrèk,
se laverite yo ye.

^{Jer 10,7} ⁴Ki moun ki pa ta gen krentif pou ou, Granmèt ?

Epi ki moun ki p ap fè lwanj Non w ?
Paske se ou menm sèl ki sen.

Paske tout nasyon yo gen pou vini pou yo bese tèt yo devan w, pou yo adore w.

Paske yo wè aklè sa w fè se bagay kòrèk.

⁵Apre bagay sa yo mwen gen vizyon sa a. Tanp Tant Temwayaj la louvri nan syèl la. ⁶Sèt zanj ki kenbe sèt gwo malè yo sòti nan Tanp lan. Yo abiye ak yon bèl twal len pwòp klere. Yo gen sentiwon lò mare sou lestomak yo. ⁷Youn nan kat Vivan yo bay sèt zanj yo sèt gode lò plen kòlè Bondye ki vivan pou toutan an. ⁸Tanp lan te plen ak lafimen ki sòti nan glwa Bondye ak nan

^{14,10;}
^{Jer 25,15}
^{40,34;}
^{1Wa 8,10;}
^{Iz 6,4}

vèse lanmè Wouj la, Moyiz te chante yon kantik ki fete delivrans lan (Egzòd 15). Isit la, moun k ap touye Bèt la chante kantik Moyiz ak Ti Mouton an, Moyiz tounèf la, ki delivre tè Bondye te pwomèt la, Jerizalèm tounèf la (Apokalips 21). Kantik sa a pale sou jistis Bondye a ki te fè pèp etranje yo chanje kè yo, pou yo antre fè pati pèp Bondye a.

15,5-8 : Jan tounen sou sa li te ekri nan chapit 11 vèsè 9 la, paske Kòf Kontra a ap rete nan Tant yo te mete apa pou Bondye a (Egzòd 25,22). Pwojè Bondye a pral reyalize kounye a menm (*zanj yo sòti nan Tanp la*). **Kalamite yo** se sens-bòl yo ye (17,4; 18,6) Chak moun sibi konse-kans pwòp zèv pa yo. Jou jijman an, kòlè Bondye (Sòm 75,9) se pou moun ki chwazi ak tout

pouvwa li. Pèsonn pa t kapab antre nan Tanp lan toutotan sèt gwo malè sèt zanj yo pa t ko fin bout.

Gode kòlè Bondye yo

16 ¹Apre sa mwen tande yon gwo vwa sòti nan Tanp lan. Li t ap di sèt zanj yo: Al vide sèt gode kòlè Bondye yo sou tè a.

²Epi premye zanj nan pati, li vide gode pa li a sou tè a. Menm lè a move kalite maleng vin kouvri moun ki te gen mak bêt sovaj la sou yo, e ki t ap adore pòtre li a.

³Epi dezyèm nan vide gode pa li a nan lanmè a. Dlo a tounen san moun mouri. Tout bêt vivan nan lanmè a mouri.

⁴Epi twazyèm nan vide gode pa li a nan larivyè yo ak nan sous dlo yo. Yo tounen san.

⁵Mwen tande zanj dlo yo di: Ou kò-rèk, Sila a ki te la a, ki la a, epi ki sen an, paske w jije bagay sa yo. ⁶Paske yo te fè san moun ki Sen yo ak san pwofèt yo, koule. Epi ou ba yo san pou yo bwè. Yo merite sa.

⁷Epi mwen tande lotèl la di: Wi, ^{Sòm 19,10} Granmèt Bondye ki gen tout pouvwa, jijman w yo kòrèk, se laverite yo ye.

⁸Epi katriyèm nan vide gode pa li a sou solèy la. E yo ba li pouvwa boule moun nan dife. ⁹Epi moun yo boule nan gwo chalè. Yo joure non Bondye ki gen pouvwa sou tout gwo malè sa yo.

libète, yo pa aksepte envitasyon Bon Nouvèl la te fè yo a.

16,1-12 : 7 gode ki plen ak 7 kalamite yo se yon seri pòtre ki montre nou kijan fòs sa ki mal la, se pa lavi moun ase li detwi, se lavi tou sa ki sou tè a.

Nou konnen kounye a gen lòt kalamite ki pral vini sou tè a, epi mènmsi moun domine sou tè a, sa p ap anpeche tè a tire revanj li. Pwochen lagè a pral fèt akòz moun p ap jwenn ase dlo pou yo bwè; atmosfè k ap vin cho akòz move tretman moun yo bay nan transfòmasyon divès pwodwi y ap fè, san yo pa pran swen tè a. Yo anpwazonnen lanmè a, yo detwi pyebwa yo, yo pa pran swen anviwònman an.

Sèt gode yo reprezante jou dènye jijman an,

Men yo pa chanje kè yo pou yo ba li glwa.

^{10,21} ¹⁰ Epi senkyèm nan vide gode pa li a sou fotèy bêt sovaj la. Peyi kote li wa a tonbe nan fènwa. Moun ap mòde lang yo akòz soufrans lan. ¹¹ Y ap joure Bondye nan syèl la poutèt soufrans ak maleng yo. Men yo pa chanje kè yo, pou yo sòti nan zak yo t ap fè yo.

¹² Epi sisyèm nan vide gode pa li a nan gwo larivyè Lefrat la. Epi dlo li a chèche, pou li pare chemen wa yo ki sòti bò kote solèy leve a.

¹³ Apre sa mwen wè twa lespri malpwòp ki t ap sòti nan bouch dragon an, nan bouch bêt sovaj la, ak nan bouch fo pwofèt la. Yo tankou krapo. ¹⁴ Reyèlman vre, se lespri demon k ap fè mirak. Yo sòti al lakay wa yo, ki sou tout tè a pou yo rasanble yo, pou batay ki pral fèt nan gwo Jou Bondye ki gen tout pouvwa a. ¹⁵ Men m ap vini tankou yon volè. Ala chans pou moun ki rete ap veye e ki kenbe rad li sou li pou li pa mache toutouni, e pou yo pa wè wont li. ¹⁶ Yo rasanble yo yon kote yo rele nan lang ebre: Amagedon.

^{3,3;}
^{3,17;}
^{1Tés}
^{5,2} ¹⁷ Epi setyèm nan vide gode pa li a nan lè a. Yon gwo vwa sòti nan Tanpan lan, bò fotèy la, li t ap di: Tout bagay fini! ¹⁸ Te gen zeklè, vwa, ak loray, ak gwo tranblemannè. Bagay sa a pa t

Levanjil la te anonsé a. Anvan sa, tout moun gen chans pou konvèti tounen vin jwenn Bondye vivan an, epi pou yo gen lavi. Jou jijman an pou tout bagay sou tè a (tè, lanmè, sous, fotèy Bèt la, ak lòt bagay).

16,13-16: Lè anons Levanjil la touche fòs sa ki mal la ak moun ki nan mal, yo mete tèt yo ansam ak zanmi yo nan yon gwo jefò pou goumen kont Bondye ak Pèp li a. **Amagedon** sa vle di, Mòn Megido, kote yo te pèdi batay nan Ansyen Kontra a, yo pran li tankou yon senbòl pou moun ki fè lagè epi li pèdi batay la (2Wa 7,27; Zakari 12,11).

16,17-21: Ak setyèm gode a, jijman Bondye a fin bout nèt. Grasa Levanjil la k ap preche toupatou, Bondye la nan mitan nou. Sé konsa tout kote Bèt dominen kounye a yo detwi (**Babilòn ak lavil pèp etranje yo**). Travay Bondye fè grasa Levanjil la li gwo, men moun yo kontinye vire do bay Bondye, sa vle di, y ap kontinye nan sèvis bét la ak Dragon an.

janm rive depi gen moun sou tè a. Pa t janm gen yon tranblemannè konsa.

¹⁹ Epi gwo vil la fann an twa mòso. Vil pèp etranje yo kraze. Epi Bondye sonje Babilòn, gwo vil la, pou ba li vè diven kote kòlè li a ap bouyi. ²⁰ Tout zile yo sove kò yo, epi yo pa jwenn mòn ankò. ²¹ Epi gwo gress lagrèl ki peze san liv konsa, sòti nan syèl la tonbe sou moun. Moun yo menm ap joure Bondye poutèt gwo malè lagrèl la, paske gwo malè sa a rèd anpil.

^{6,14;}
^{9,22}

Gwo jennès la

17 ¹Lè sa a youn nan sèt zanj ki kenbe sèt gode yo, vini, li pale ak mwen, li di mwen: Vini non. Mwen pral fè w wè jijman gwo jennès la, ki chita nan mitan gwo dlo yo. ²Wa yo sou tè a nan dezòd ak li. Tout moun sou tè a te sou ak diven movèz vi li a.

^{Jer}
^{51,13}

³ Li pote mwen nan lespri mwen nan yon dezè. La mwen wè yon madannm chita sou yon bêt sovaj tou wouj. Bêt sovaj la ki kouvri ak jouman pou Bondye, te gen sèt tèt ak dis kòn. ⁴Madannm nan abiye ak yon rad vlou wouj san. Li chaje lò, ak pyè gwo pri anssam ak bél gress pèl. Li kenbe yon vesò lò nan men li, plen salte ak vye bagay lavi jennès li a. ⁵ Epi sou fwon li, gen yon non ekri ki gen yon sans

^{18,3;}
^{1z}
^{23,17;}
^{Jer}
^{51,7}

^{2Tés}
^{2,7;}
^{1Pyè}
^{5,19}

Nan chapit 17-19, Jan montre nou jou jijman an te fèt ak anons Levanjil la epi li fè laverite parèt byen pwòp; epi jijman sa a gen de pati ladan l. Yon move pati: li montre aksyon sa ki mal la ki dominen vil yo, epi li di nou kouman mal la detwi yo (17-18). Yon bon pati: li montre kijan tout bagay mache nan wout viktwa Jezi Kri a. Se li ki fè zanmitay ant moun yo ak Bondye, epi se sa ki nannan Gouvènman Bondye a (**maryaj Ti Mouton an**. Ap 19).

17,1-6: Jennès la se yon senbòl pou vil ki pran povwa, richès ak move bagay pou Bondye, epi yo vle fè moun toupatou sèvi yo menm jan. Nan epòk sila a, se lavil Wòm, isit la yo prezante li tankou Babilòn, kapital tou sa ki mal, kote pèp la te soufri anpil nan tan lontan an (2Wa 24,12). Li chita sou Bèt wouj la, sa vle di li bay Women yo viktwa.

Mo ki te jouman pou Bondye, se tit bondye lanprè a bay pwòp tèt pa l. Ak tit sa a, Lanpi women an ranfose pouvwa li. Yo prezante jen-

kache: gwo Babilòn, manman jennès yo ansanm ak tout salte sou tè a. ^{Ezk 16,36} ⁶Epi mwen wè madanm nan ki sou ak san moun ki sen yo ak san moun ki sèvi Jezi temwen yo. Lè mwen wè li, se pa ti sezi mwen sezi. ⁷Men, zanj lan di mwen: Poukisa w sezi konsa? Mwen pral di w sans kache madanm nan ak bêtsovaj k ap pote li a genyen, bêtsovaj ki gen sèt tèt ak dis kòn lan.

^{20,12} ⁸Bêtsovaj ou wè a te la, epi li pa la. Li gen pou li monte sot nan gwo twou san fon an, men li pral detwi nèt. Moun sou tè a, ki pa t gen non yo ekri nan Liv lavi a depi nan kòmansman tè a, yo pral sezi anpil lè yo pral wè bêtsovaj la. Paske li te la, epi li pa la, epi li pral parèt.

^{13,18} ⁹Se isit la entelijans la ye, sa ki gen bon konprann nan. Sèt tèt yo, se sèt ti mòn kote madanm nan chita a. Epi se sèt wa yo ye. ¹⁰Senk tonbe, youn la, yon lòt poko vini. Lè li va vini, fòk li rete yon ti tan. ¹¹Bêtsovaj la ki te la, epi ki pa la a, se uityèm nan, an menm tan li sòti nan sèt lòt yo. Men li pral detwi nèt.

^{Dan 7,24} ¹²Dis kòn ou wè yo, se dis wa yo ki poko resevwa peyi wa a. Men y ap resevwa otorite kòm wa pou inèd tan

nès la tankou yon madanm ki rich anpil (**Li gen bél rad ak bijou ki fèt an lò**), men li mete yo nan sèvis sa kí mal.

17,6-8: Bèl aparans vil la ak richès li yo twonpe tout moun, li fè tout moun adore Bèt la. Pou sa nou dwe gade royalite a ak je nou byen klere. Fason li pale sou Bèt la, li sanble yon bondye, men li sòti nan sa ki pa anyen epi li ale nan sa ki pa anyen. Sa ban nou yon lide sou lanpi women an ki kòmanse tonbe ak Newon, epi li kòmanse monte ak Vespazyen. Li pale tou sou tout mechanste lanprè Newon te fè yo, epi kounye a lanprè Domisyen te repete yon lòt fwa pi rèd ankò.

17,9-11: sèt tèt yo reprezante sèt mòn kote yo te batilavil Wòm. Se sèt Wa tou. Sa vle di, sèt lanprè nan premye syèk yo. Nan sèt lanprè sa yo, te gen senk ki te tonbe deja: Ogis, Tibè, Kaligila, Klòd, Newon ak Vespazyen, ki papa lanprè Tit ak Domisyen tou. Lòt la pa pou lontan (Tit, li te gouvènen pandan de lane). Uityèm nan (Domisyen) se Bèt la, e an menm tan, li se youn

asanm ak bêtsovaj la. ¹³Yo gen yon sèl lide nan tèt yo, renmèt pouvwa yo ak otorite yo bay bêtsovaj la. ¹⁴Yo va goumen kont Ti Mouton an. Men Ti Mouton an pral bat yo, paske li Granmèt tout mèt, li Wa tout wa, epi ak moun pa li yo: sila yo rele yo, sila yo chwazi yo, sila yo ki kenbe fèm yo.

^{Dtw 10,17;}
^{Ap 19,}
^{11-21;}
^{1Tm 6,15}

¹⁵Zanj lan di mwen: Dlo kote w te wè jennès la chita a, se pèp, ak foul moun, ak nasyon ak lang.

¹⁶Dis kòn ou te wè ansanm ak bêtsovaj la, yo menm yo pral rayi jennès la: yo pral fè li tounen yon dezè, yo pral kite li toutouni, yo pral manje vyann li, yo pral boule li nan dife. ¹⁷Reyèlman vre, Bondye te mete, nan kè yo, lide pou yo fè sa li menm li vle, pou yo tout tonbe dakò fè menm bagay, pou yo renmèt pouvwa wa yo nan men bêtsovaj la, jistan pawòl Bondye yo va rive bout. ¹⁸Epi madanm ou te wè a, se gwo vil la, ki gen pouvwa wa sou tout wa ki sou tè a.

^{Ezk 16,39}

^{11,8}

Babilòn tonbe

18 ¹Apre bagay sa yo, mwen wè yon lòt zanj desann sot nan syèl la, li gen gwo pouvwa. Tè a klere ak glwa li. ²Li te pran rele ak yon gwo

^{14,8;}
^{Iz 21,9;}
^{34,11}

nan sèt yo, sa vle di, lanprè Domisyen ki t ap pèsekite kreyen yo fè yo tounen viv mechanste ki te genyen sou tan Newon an. Chif sèt la vle di yon bagay ki total.

17,12-15: Dis kòn yo reprezante dis peyi lavil Wòm te dominen, yo mete tèt yo ansanm pou goumen kont Jezi Kri, I ap bat yo ak patizan li yo. **Anpil dlo yo** reprezante lanmè Mediterane kote Lanpi women an chita, epi li pran tèt tout moun ki nan peyi sa yo pou yo mete yo ajenou devan pouvwa li a ak devan lide li yo. Pouvwa women an pran tèt yon pakèt moun. Yo renmen pouvwa, yo renmen richès, yo renmen plezi.

17,16-18: Dènye ijiman an fèt nan lit ant nasyon ki chèche pran pouvwa a. Moun ki anba dominasyon yo revòlte, epi yo detwi pouvwa ki dominen yo a.

18,1-3: Levanjil la demaske tout vye lide vil k ap sévi zidòl yo genyen, epi li detwi yo. Lontan se te lavil Wòm, ki te reprezante tout reliyon pèp etranje yo ak pouvwa sa ki mal la tou. Kòz ki fè li tonbe se sèvis zidol.

vwa, li di: «Li tonbe, li tonbe, gwo Babilòn lan. Li tounen kay demon yo, li tounen prizon tout lespri malpwòp, ak tout zwazo malpwòp yo, ak tout bêt sovaj malpwòp, degoutan yo. ³Paske tout nasyon bwè nan diven kòlè dezòd li a. Tout wa sou tè a lage kò yo nan dezòd ansanm ak li. Gwo komèsan tè a vin rich nan depans gran panpan li yo.»

^{Iz}
^{48,20;}
^{52,11;}
^{Jer}
^{50,8}

^{Jen}
^{18,20}

^{Iz}
^{47,8}

^{Ezk}
^{26,17;}
^{27,28}

⁴Apre sa mwen tande yon lòt vwa sot nan syèl la, li t ap di: Pèp mwen an, wete kò nou sot nan li, pou nou pa patisipe nan peche li yo, pou nou pa pran nan gwo malè li yo. ⁵Paske peche li yo, fè pil sou pil, rive jis nan syèl la. Bondye sonje move zak li yo. ⁶Renmèt li jan li te bay. Renmèt li de fwa zak li yo. Nan vesò li fè melanj li yo, melanje de fwa plis pou li. ⁷Jan li fè lwanj tèt li, jan li pran plezi li, konsa tou ba li soufrans, ak gwo chagren, paske li t ap di nan kè li: Mwen chita tankou yon rèn. Mwen pa pèdi mari mwen, mwen p ap janm gen gwo chagren. ⁸Se poutèt sa tout gwo malè li yo vini nan yon sèl jou: lanmò, gwo chagren ak grangou. Epi y ap boule li nan dife. Paske Bondye k ap jije li a se Granmèt ki fò. ⁹Wa yo sou tè a ki te lage kò yo nan dezòd ak nan pran plezi ak li, yo pral kriye, yo pral bat lestromak yo poutèt li, lè yo wè lafimen boukan dife li a. ¹⁰Antan y ap kanpe lwen poutèt yo pè soufrans li a, y ap di: Malè! Malè pou gwo vil la! Babilòn, vil ki fò a, paske inèd tan kont pou ijiman w lan fèt. ¹¹Komèsan tè a tou ap kriye, y ap pran dèy pou li, paske pa t gen pèsonn ankò pou achte machandiz yo: ¹²lò, ajan, bêt pyè ki koute chè ak bêt grenn pèl, len fen,

twal wouj diven, swa, ak vlou wouj san, tout kalite bél bwa santi bon, tout vesò ivwa, ak tout bagay ki fèt ak bwa ki koute chè anpil, kwiv, fè ak mab, ¹³kannèl, epis, pafen, lami ak lanson, diven ak lwil, farin ak ble, bét chay ak mouton, kabwèt ak esklav, epi lòt moun pou travay. ¹⁴Sezon fwi w te renmen yo, yo pati kite w. Ou pèdi tout gran panpan ak tout bélte w yo. Ou p ap janm jwenn yo ankò. ¹⁵Komèsan sa yo, ki te fin rich sou do li a, y ap kanpe lwen, tèlman yo pè soufrans li a, antan y ap kriye, y ap chagren. ¹⁶Antan y ap di: Malè! Malè pou gwo vil la! Ou menm ki te konn abiye ak len fen, ak twal wouj diven ak vlou wouj san! Ou menm ki te chaje ak bijou lò, ak bél pyè ki koute chè ak pèl! ¹⁷Paske kalite richès sa a pèdi nan inèd tan! Tout kaptèn batiman ki vwayaje nan zòn nan, maren yo ansanm ak tout moun k ap travay sou lanmè, yo tout te rete kanpe lwen. ¹⁸Antan yo t ap gade lafimen boukan dife li a, yo di: Ki vil ki te tankou gwo vil sa a? ¹⁹Yo t ap jete pousyè sou tèt yo, yo t ap rele, yo t ap kriye, yo pran lapenn, yo di: Malè! Malè pou gwo vil la! Tout moun ki gen batiman sou lanmè te fin rich ak trezò li yo. Nan inèd tan li pèdi li! ²⁰Ou menm syèl la se pou w kontan pou sa ki rive li! Ni moun ki sen yo, ni apot yo ak pwofèt yo! Paske, Bondye jije kòz nou, lè li kondane li.

^{Ezk}
^{27,27}

²¹Epi yon zanj ki te gen anpil fòs pran yon wòch tankou yon wòl moulen, li jete li nan lanmè a. Li di: Konsa yo pral jete Babilòn, gwo vil la. Pèsonn p ap jwenn li ankò. ²²Epi lakay ou yo p

^{Jer}
^{51,63}

18,4-8: Pèp Bondye a pa detwi, paske li pa swiv zidòl yo. Men lesson nou jwenn nan moso sa a: li montre nou mal la pral detwi tèt li (v. 6-7).

18,9-19: Vil ki te boule a fè tout moun pran kriye. Premye rèl la se pou Wa yo ki sou tè a (**pouwva politik**); Dezyèm nan se pou machann yo (**pouwva ekonomik**); twazyèm nan se pou moun ki fè vwayaj sou lanmè (**pouwva komini-**

kasyon). Twa pouwva sa yo reprezante fòs ki dominen tout sosyete a.

18,20-24: Pèp Bondye a gen kè kontan nèt, paske Bondye te tande lapriyé li, lè li te nan gwo soufrans, epi Bondye fè yo jwenn jistis. Tankou wòch la disparèt nan dlo a, konsa tou lavil ki sèvi pouwva ak richès yo ap disparèt devan anons Levanjil la. Laviktwa Bondye a se yon vikawa total kapital.

ap janm tandé vwa moun k ap jwe gita, k ap fè mizik, ak moun k ap jwe flit oswa twonpèt ankò. Yo p ap jwenn okenn travayè pou fè okenn metye andan w ankò. Yo p ap tandé bri okenn moulen andan w ankò.²³ Limyè lanp p ap klere andan w ankò. Yo p ap tandé vwa mesye marye ak lamarye andan w ankò. Paske komèsan w yo te gran nèg sou tè a, paske ak maji w la, ou te fè tout nasyon pèdi chemen yo.

<sup>16,6;
Mt
23,35</sup> ²⁴ Epi se nan li menm yo jwenn san pwofèt yo, san moun ki sen yo epi tout moun yo te koupe göj yo, sou tè a.

Lwanj nan syèl la

19 ¹ Apre bagay sa yo, mwen tandé tankou gwo vwa yon gwo foul moun nan syèl la ki t ap di: Alelouya, delivrans, glwa ak pouvwa se pou Bondye nou an. ² Paske jijman li yo se laverite, se bagay kòrèk. Paske li kondane gwo jennès ki t ap detwi tè a ak dezòd li yo, epi li tire revanch li sou li pou san sèvitè li yo.

<sup>14,11;
Iz 34,10</sup> ³ Yo t ap di ankò: Alelouya, lafimen li a monte pou toutan nétale. ⁴ Vennkat Ansyen yo ak kat Vivan yo tonbe aje-nou, yo adore Bondye ki chita sou fotèy la, antan y ap di: Amèn. Alelouya! ⁵ Yon vwa sòti nan fotèy la, li t ap di: Fè Iwanj Bondye nou an, nou tout k ap sèvi li, nou tout ki gen krentif pou li, piti kou gran!

⁶ Epi mwen tandé tankou vwa yon gwo foul moun, tankou vwa yon gwo dlo, ou ankò tankou vwa yon gwo kout loray, k ap di: Alelouya! Paske Gran-

19,1-5: Bondye montre bëltè li, pouvwa li ak delivrans lan, lè li kraze sila ki te detwi tè a: li fè jijman kòrèk. Kounye a, moun yo te pèsekite yo ak mati yo jwenn onè nan men Bondye. Pawòl sa a gen anpil sans jounen jodi a.

19,6-10: Sila yo ki te pase gwo tray ak dlo nan je pouêt yo te sèvi Jezi temwen, kounye a se gwo fèt pou yo. Se kontra maryaj Jezi Kri ak Legliz la.

19,11-16: Jan prezante Jezi tankou Mèt Litswa a (*kavalye*). **Koulè blan** se koulè viktwa. Li

mèt la, Bondye nou ki gen tout pouvwa a, kòmande tankou wa.⁷ Se pou kè ^{Iz 61,10} nou kontan! Se pou nou kontan anpil! Se pou nou ba li glwa! Paske men nòs Ti Mouton an, epi Madanm li fin pare.⁸ Yo ba li dwa abiye ak len fen, klere epi pwòp. Reyèlman vre, len fen an se zèv kòrèk moun ki sen yo.

⁹ Epi li di mwen: Ekri: Ala chans ^{Mt 22,1} pou moun sa yo, yo envite nan resepsyón nòs Ti Mouton an. Apre sa li di mwen: Sa yo se Pawòl Bondye, se laverite.¹⁰ Mwen lage kò mwen nan pye li pou m adore li. Men li di mwen: Gade, pa fè sa. Se sèvitè mwen ye an-sanm ak ou, ansanm ak frè w yo k ap sèvi Jezi temwen. Se Bondye pou w adore. Reyèlman vre, temwayaj Jezi bay la se lespri pawòl pwofèt yo.

Yon moun chita sou yon chwal blan

¹¹ Epi mwen wè syèl la louvri, men <sup>Iz 11,4;
1Jn
5,20</sup> yon chwal blan parèt. Yo te rele moun ki sou li a: Moun ki kenbe pawòl li a, epi moun ki di laverite a. L ap jije, l ap mennen batay la yon fason ki kòrèk.

¹² Je li yo tankou flanm dife. Li te gen yon bann ti kouwòn sou tèt li. Li te gen yon non ekri. Pèsonn pa konnen li sòf li.

¹³ Li abiye ak yon rad benyen nan san. Yo rele non li: Pawòl Bondye a.

¹⁴ Lame yo ki nan syèl la t ap swiv li sou chwal blan. Yo abiye ak len fen blan pwòp. ¹⁵ Yon manchèt byen file sòti nan bouch li pou li frape nasyon yo ak li. Li menm l ap mennen yo ak yon baton fe.

Li kraze rezen yo nan basen diven gwo kòlè Bondye ki gen tout pouvwa a.

<sup>1,14;
Dan
10,6;
Iz 63,1;
Jn 1,1</sup>

<sup>1,16;
Sòm
2,9;
Iz 63,3</sup>

se Sovè a, jistis ak kè sansib Bondye a ki te tou-nen moun. Li konnen lasyans epi li gen bon kon-prann tankou Bondye Papa a (**je li tankou dife**), li gen pouvwa sou tout bagay (**anpil kouwòn sou tèt li**). **Konnen non an** sa vle di genyen pouvwa sou yon moun: kounye a pa gen moun ki kon-nen non li, sa vle di pa gen moun ki gen pouvwa sou Jezi. San an se san lènmi yo jistis Bondye a te detwi yo. Jezi se Pawòl Bondye a, yo anonse li epi yon foul kretyen viv li. **Manchèt lan** se Le-vanjil la ki jije, k ap kondane oubyen k ap sove dapre sa moun yo te chwazi fè nan lavi yo.

<sup>Dtw
10,17;
1Tm
6,15</sup> **16** Sou rad li ak sou kwis li, yo te ekri non sa a: Wa tout wa yo, Grammèt tout mèt yo.

<sup>Ezk
39,17</sup> **17** Epi mwen wè yon zanj kanpe anwo solèy la. Li t ap rele ak yon gwo vwa, antan li t ap di tout zwazo k ap voile nan mitan syèl la: Vini. Sanble pou gwo resepsyon Bondye a. ¹⁸ Nou va manje vyann wa yo ak vyann chèf lame a, vyann gason vanyan yo, vyann chwal ansanm ak sila yo ki chita sou yo, vyann tout moun, lib kou esklav, pití kou gran.

<sup>Ezk
39,20</sup> **19** Epi mwen wè bét sovaj la ansanm ak wa yo sou tè a ak lame yo, k ap sanble pou fè lagè kont sila a ki chita sou chwal la ak kont lame li a. ²⁰ Yo te mete men sou bét sovaj la ansanm ak fo pwofèt ki te fè anpil mirak devan li an. Se ak mirak sa yo li te rive twonpe moun ki te resevwa mak bét sovaj la epi ki te adore pòtre li a. Yo jete toulède tou vivan nan gwo letan dife ak souf k ap boule a. ²¹ Manchèt ki t ap sòti nan bouch moun ki te chita sou chwal la, te touye tout lòt yo. Tout zwazo yo manje vyann kont kò yo.

Dragon an mare pou mil lane

20 ^{12,9} **1** Epi mwen wè yon zanj k ap desann sòti nan syèl la. Li te kenbe kle gwo twou san fon an nan men li ansanm ak yon gwo chenn. ² Li mentni dragon an, sèpan ki la depi lon tan an, sa yo rele dyab la, oswa Satan,

19,17-21: Zanj lan anonsé viktwa sou Bèt la ak sou fo pwofèt la, ki se sèvitè mal la. **Vyann nan** montre jistis Bondye a pa gen limit, epi li touche tout moun, l ap kraze fòs zidòl ak tout vye lide yo. **Lak dife a** se pinisyon ki p ap janm fini an.

20,1-15: Kounye a, Jan prezante kouman dènye tan yo ap devlope; ak Jezi ki te mouri epi ki te leve byen vivan, dènye tan yo dejà kòmanse. Apre, se jijman an k ap vini nan tout listwa a tous li rive nan dènye bout, lè Kontra Bondye te pase ak moun yo, nan Jezi Kri, fin rive bout.

20,1-6: Ak lanmò ak leve byen vivan an, Jezi te pote viktwa sou sa ki mal la (**Dragon**). Dragon an toujou la, men li pa gen tout libète li pou li aji. Mil lane se tan ki kòmanse ak leve byen

li mete li nan chenn pou mil lane. ³ Li voye li jete nan gwo twou san fon an, li fèmen li ak kle, epi li poze sele sou li, pou li pa twonpe nasyon yo ankò toutotan mil lane pa fin pase. Apre bagay sa yo, yo gen pou yo lage li pou yon ti tan.

<sup>2Tes
2,9;</sup> **4** Epi mwen wè fotèy kote yo te chita a, yo ba yo pouvwa jije. Epi mwen wè nanm moun yo te koupe tèt yo, paske yo te sèvi Jezi ak Pawòl Bondye a temwen. Mwen wè sila yo ankò ki pa t adore ni bét sovaj la, ni pòtre li a, e ki pa t resevwa mak la ni sou fwon yo ni sou men yo: yo tounen viv epi y ap kòmande kòm wa ak Kris la pandan mil lane. ⁵ Rès mò yo pa t tounen viv toutotan mil lane yo pa pase. Se sa yo rele premye leve byen vivan an. ⁶ Ala li gen chans epi li sen moun k ap patisi pe nan premye leve byen vivan an! Dezyèm lanmò a p ap gen pouvwa sou yo. Yo pral prêt Bondye ak Kris la. Yo pral kòmande kòm wa ansanm ak li pandan mil lane.

Dènye batay la

^{Ezk 38} **7** Lè mil lane yo va fin pase, yo va lage Satan sòti nan prizon li a. ⁸ Epi li pral sòti pou twonpe nasyon yo ki nan kat kwen tè a, Gòg ak Magòg. Li va sanble yo pou lagè. Kantite yo ye, se tankou gress sab bò lanmè. ⁹ Y ap monte sou tout lajè tè a, epi y ap sèn lame moun ki sen yo ak vil yo renmen

vivan Jezi Kri kote Legliz la ap anonsé Levanjil la. Yo mentni Satan pou sa. Men rive yon dat l ap tounen ak tout fòs li pou l chèche kraze Legliz la. Se va pou yon ti tan. Ant leve byen vivan Jezi ak fen listwa a, pèp Bondye a patisi pe nan gouven man, pouvwa Jezi ki Wa, epi nan jijman li a. Premye leve byen vivan an se konvèsyon an ak batèm nan, lè nou kite peche pou nou antre nan lavi Jezi. Pa gen lanmò nètale pou moun ki swiv Jezi ak tout kè l (**dezyèm lanmò**).

20,7-10: Pandan listwa a, pèp Bondye a kontinye nan lit kont fòs mal la (**Satan**), men Bondye pwoteje yo (**dife ki sòti nan syèl la**). Gòg ak Magòg se senbòl ki reprezante pouvwa zidòl yo, lènmi Bondye yo ak Pèp li a. Men pouvwa sa ki mal la ap fini nèt (**lak dife a**).

<sup>Dan
7,9;
Mt
19,28;
1Kor
6,2</sup>

<sup>2Tm
2,12;
1Pyè
2,9</sup>

<sup>2Wa
1,10</sup>

an. Men, dife desann sòti nan syèl la, li devore yo. ^{19,20} ¹⁰Apre sa dyab la ki t ap twonpe yo a, yo jete li nan letan dife ak souf la, kote bét sovaj la ak fo pwofèt la ye a. Yo pral soufri lajounen tankou lannwit pou toutan nètele.

¹¹Epi mwen wè yon gwo fotèy blan, epi sila ki te chita sou li a. Syèl la ak tè a pran kouri devan li, epi pa gen plas pou yo ankò. ¹²Lè fini mwen wè mò yo, gran kou piti, kanpe devan fotèy la. Epi yo louvri liv yo. Apre sa gen yon lòt liv ki louvri, se liv lavi a. Epi yo jije mò yo, dapre zèv yo, dapre sa ki ekri nan liv yo. ¹³Lanmè a renmèt mò ki te gen nan li yo. Lanmò, ak kote mò yo ye a, renmèt tout mò ki te nan yo. Apre sa yo jije chak dapre zèv yo. ¹⁴Yo jete lanmò ansanm ak kote mò yo ye a nan letan dife a. Letan dife sa a, se li menm ki dezyèm lanmò a. ¹⁵Si yo pa jwenn non yon moun ekri nan liv lavi a, yo jete li nan letan dife a.

<sup>1Kor
15,26;
15,54</sup>

Yon syèl tounèf ak yon tè tounèf

21 <sup>Iz
65,17;
66,22;
2Pyé
3,13</sup> <sup>Iz 52,1;
61,10;
Gal 4,26</sup> ¹Apre sa mwen wè yon syèl tounèf ak yon tè tounèf. Reyèlman vre, premye syèl la ak premye tè a te disparèt. Pa gen lanmè ankò. ²Epi mwen wè vil ki sen an, Jerizalèm tounèf lan, k ap desann sot nan syèl la bò kote Bondye. Li byen abiye, pare tankou yon lamarye ki fè li bèl pou mari li.

20,11-15 : Finisman listwa a se jijman an. Nan jijman sa a yo montre lavi. Lanmò ak sa ki mal la ap fini nèt, epi y ap jije moun yo dapre sa yo te fè nan lavi yo. **Fotèy la** fè nou sonje prezans Jij la. Syèl sa a ak tè sa a ap disparèt, paske tout bagay pral vin tounèf. Jijman Bondye a pa nan patipri; se lavi chak moun menm k ap jije yo. **Liv lavi a** se liv Ti Mouton an (13,8); nan liv sa a n ap jwenn non tout moun ki te sèvi Jezi temwen. Lanmò ak kote mò yo ye a reprezante pouwva sa ki mal la. Yo te detwi yo, paske kounye a se lavi sèlman ki rete.

Sòti chapit 21,1 rive nan chapit 22,5 a, Jan prezante finisman listwa a. Apre tan sa a, se sèlman kontra Bondye te fè ak moun, ki pral rete nan lavi ki p ap jaam fini an. Dènye mo nan listwa moun se lavi pou tout moun. Li prezante kalite moun tounèf k ap viv sou tè a tankou Jerizalèm Tounèf la, Madanm ki reprezante pèp fidèl la, Legliz la.

³Mwen tandé yon gwo vwa sot nan fotèy la, ap di: «Men Tant Bondye ak moun yo. Li pral abite ak yo. Yo menm y ap pèp li. Epi li menm li pral Bondye yo.» ⁴Li pral seche tout dlo nan je yo. ^{lz 25,8} Pap gen lanmò ankò, ni gwo chagren, ni rèl, ni soufrans. Bagay ki te la anvan yo fin disparèt.

⁵Sila ki chita sou fotèy la di: Men mwen fè tout bagay vin tounèf. Epi li di: Ekri, paske pawòl sa yo se pawòl sèten, se laverite. ⁶Epi li di mwen: Tout bagay fin fêt. Mwen se alfa ak omega, mwen se kòmansman, mwen se finisman. Si yon moun swaf, mwen menm mwen pral fè li kado nan sous dlo lavi a. ⁷Se bagay sa yo moun ki ranpòte viktwa a, ap eritye nan men mwen. Mwen pral Bondye li, li pral pitit mwen. ⁸Men moun ki lach yo, moun ki san lafwa yo, moun ki nan fè bagay degoutan yo, kriminèl yo, moun ki nan vye dezòd yo, moun ki nan maji yo, moun ki adore zidòl yo ak tout mantè yo, yo pral jwenn pa yo nan letan dife ak souf k ap boule a. Se sa a ki dezyèm lanmò a.

Jerizalèm tounèf la

⁹Lè fini youn nan sèt zanj ki te kenbe sèt gode plen ak sèt dènye gwo malè yo, pale ak mwen, li di: Vini. Mwen pral montre w madanm ki marye ak Ti Mouton an. ¹⁰Li mennen m nan lespri

<sup>Lev
26,11;
Ezk
37,27;
Iz 8,8</sup>

<sup>2Kor
5,17</sup>

<sup>Iz 55,1;
Jn 4,10;
7,37</sup>

<sup>2Sam
7,14</sup>

<sup>20,6;
20,14</sup>

<sup>19,7;
21,2</sup>

21,1-4 : Jan prezante rapò tounèf ki genyen ant Bondye ak moun yo tankou yon Syèl tounèf ak yon Tè tounèf. Lanmè a pa eggiste ankò, paske moun lontan yo konsidere li tankou kay pouwva sa ki mal la. Jerizalèm tounèf la se lavil Bondye ap batí tankou yon kado (**li sòti nan syèl la**) pou moun yo. Se pa moun ki batí li, se Bondye menm ki fè l. Se Madanm Ti Mouton an, Adan tounèf ki marye ak Èv tounèf la. Konsa, Kontra Bondye ak moun ap reyalize nèt. Li pran yon tant (Egzòd 25,8) kote pou Bondye rete. Se lavi toupatou; se laverite, diyite, jistis ak renmen ki gouvènen toupatou. Moun ap viv ak kè konstan pou toutan. Sa ki mal pa gen plas ni nan syèl tounèf la, ni nan tè tounèf la.

21,5-8 : Kounye a Bondye pwomèt tout bagay pral vin tounèf, paske li se Mèt listwa, kòmansman ak finisman lavi a. Sa ki an premye ak sa ki an dènye a. Li bay lavi li pou moun ki anvi li. Moun ki kenbe pawòl yo, ap antre nan reyalite

m sou yon gwo mòn byen wo. Li montre m vil ki sen an, Jerizalèm, ki dessann sot nan syèl la bò kote Bondye,
Iz 60,1

¹¹ki gen glwa Bondye a : klète li a tankou yon pyè bijou ki koute chè anpil, tankou yon pyè jasp, klè kou kristal.
¹²Li gen yon gwo miray byen wo, li gen douz pòtay, epi sou pòtay yo douz zanj ak non ki ekri sou yo, se non douz branch fanmi pitit Izrayèl yo.

Ezk 48,31 ¹³Gen twa pòtay sou bò solèy leve, twa pòtay sou bò nò, twa pòtay sou bò sid, twa pòtay sou bò solèy kouche.

Ef 2,20 ¹⁴Miray vil la kanpe sou douz fondasyon, epi sou yo douz, non douz apot Ti Mouton an. ¹⁵Sila ki t ap pale ak mwen an te gen yon règ nan men li, yon baton wozo fêt ak lò, pou li te pran mezi vil la, ak pòtay li yo ak miray li a. ¹⁶Vil la te gen yon fòm kare, longè li te menm ak lajè li. Epi li mezire vil la ak baton wozo a, sou douz mil estad. Longè, lajè ak wotè li egal. ¹⁷Li mezire miray li a. Li te gen sankarannkat koude. Zanj lan t ap mezire dapre jan moun konn mezire. ¹⁸Miray la te fêt ak pyè jasp. Vil la menm te bati ak lò pwòp, tankou yon kristal ki pwòp.

Iz 54,11 ¹⁹Fondasyon miray vil la te byen dekoré ak tout kalite pyè bijou gwo pri. Premye fondasyon an te fêt ak jasp, dezyèm nan ak safi, twazyèm nan ak

kontra a. Y ap tounen pitit nan Pitit la, epi y ap patisipe nan lavi Jezi a.

21,9-11 : Kounye a, Jan prezante mòd lavi tounèf moun sou tè a tankou yon vil ki batì san defo e ki plen limyè. Pòtre sa a montre Kontra ak Bondye a bèle, epi li sen. Tè tounèf la se Madanm nan, li pa tankou jennès la ki te bwè san moun yo. Jan prezante li ak tras ansyen Babilòn ki nan listwa a. Babilòn se te yon vil kare, ki te genyen anpil bèle wout bò larivyè a, epi ak bèle jaden. Kounye a nou kapab di, Jerizalèm nan syèl la se Babilòn, fi movèz vi a pawòl Levanjil la pwòpte, epi li chanje l nèt. Kounye a, li montre mèvèy Bondye ki nan li a.

Fòm yo ak mezi yo bon nèt: miray ki gen sankarantkat koude (douz pa douz), douz pòt ak non douz branch fanmi yo, douz zanj ak non douz apot yo. Li gen menm fòm ak kote ki apa nèt pou Bondye, yo te genyen nan Tanp Jerizalèm nan. Bèlte li a, ou pa kapab kalkile l (**douz mil**). Li se lavi pou tout bagay, li ouvè pou

agat, katriyèm nan ak emwòd, ²⁰senkyèm nan ak oniks, sisyèm nan ak sadwàn, setyèm nan ak krizolit, uityèm nan ak beril, nevyèm nan ak topaz, dizyèm nan ak krizopraz, onzyèm nan ak yasent, douzyèm nan ak ametis.

²¹Douz pòtay yo te douz bèle gress pèl. Chak pòtay yo te fêt ak yon sèl gress pèl. Plas nan vil la te fêt ak lò pwòp, klè kou kristal. ²²Epi Tanp, mwen pa Jn 2,19 wè sa, paske reyèlman vre, Granmet Bondye ki gen tout pouwaa a, se Tanp li ansanm ak Ti Mouton an. ²³Vil la pa lz 60,19 bezwen ni solèy, ni lalin pou klere li, reyèlman vre, glwa Bondye a klere li, e lanp li se Ti Mouton an. ²⁴Epi nasyon lz 60,3 yo ap mache nan limyè li. Wa sou tè a ap pote richès yo ba li. ²⁵Pòtay li yo p lz 60,11 ap janm fèmen lajounen, paske la p ap janm gen lannwit. ²⁶Y ap pote glwa ak respè nasyon yo ba li. ²⁷Okenn bagay lz 35,8; Ap 3,5; 13,8 ki sal ni moun ki fè bagay degoutan, ni moun ki bay manti, p ap antre ladan li, men se sèlman moun ki gen non yo ekri nan liv lavi Ti Mouton an.

22 ^{Ezk 47,1; Jen 7,38} Apre sa zanj lan montre m yon gwo larivyè dlo ki t ap koule sòti anba fotèy kote Bondye ak Ti Mouton an te chita a. Se dlo sa a ki bay lavi. ²Li t ap koule nan mitan plas vil la. Sou de bò larivyè a, te gen pyebwa ki bay lavi

^{2,7; Jen 2,9; Ezk 47,12} tout moun (li gen **pòt yo nan kat dirèksyon fas tè a**).

21,22-23 : Nou pa bezwen okenn entèmedyè pou jwenn Bondye, ni tanp, ni litiji, ni pè. Kounye a se moman fasafas ak Bondye. Je nou nan je li, kè nou nan kè li. Pa gen ni pouwaa politik, ni pouwaa ekonomik, ni pwopagann, ni komès, ni anyen ankò. Zanmitay total ak Bondye mennen nou nan zanmitay total ak moun. Se pou youn pataje lavi l ak lòt.

21,24-27 : Mòd lavi moun nan tè tounèf la mande konvèsyon kounye a, nan listwa sa a: kite zidòl pouwaa ak richès yo pou ekri non nou nan liv Ti Mouton an. Lontan lontan moun yo te konsidere lannwit kòm kote sa ki mal la te rete, poutèt sa nan nouvo Jerizalèm nan lannwit pa egziste ankò.

22,1-5 : Anndan vil la gen yon paradi ki tounèf. Se Bondye ak Jezi ki gouvenen li nan kontra ak moun. Tè tounèf la resevwa lavi ak lespri a

a. Li bay douz rekòt fwi. Li donnен chak mwa. Se ak fèy li yo, yo fè remèd pou geri nasyon yo. ³Pap gen malediksyon ankò. Fotèy Bondye ak ^{Sòm 11,7; 17,5} Ti Mouton an pral nan mitan vil la, epi sèvitè Bondye yo pral sèvi li. Yo pral wè fas li. Yo pral gen Non li make sou fwon yo. ⁵Pap janm fè nwit ankò. Moun yo p ap bezwen ni limyè lanp ni limyè solèy, paske Mèt la, Bondye, va klere yo, li va yon limyè pou yo. Lè sa a, li ^{1Jn 3,2} va gouvènen yo pou toutan. ⁶Apre sa zanj lan di mwen: Pawòl sa yo se laverite. Tout moun dwe kwè yo. Bondye Granmèt la, li menm ki mete pawòl li nan bouch pwofèt yo, se li menm ki voye zanj li an vin montre sèvitè li yo sa ki pral rive anvan lontan.

⁷Gade m ap vini talè konsa. Ala chans pou moun ki kenbe pawòl pwofèt ki nan liv sa a.

⁸Mwen menm, Jan, mwen tande bagay sa yo, mwen wè yo. Apre mwen fin tande yo, apre mwen fin wè yo, mwen tonbe ajenou nan pye zanj ki te fè mwen wè yo a pou mwen adore li. ⁹Men li di mwen: Gade, pa fè sa. Se sèvi m ap sèvi Bondye ansanm ak ou, ansanm ak tout frè w yo ki pwofèt Bondye, ansanm ak tout moun k ap obeyi pawòl ki nan liv sa a. Se Bondye pou w adore. ¹⁰Apre sa, li di mwen: Pa sere pawòl pwofèt ki nan liv sa a. Paske anvan lontan tout bagay sa yo pral rive. ¹¹Moun ki pa kòrèk la, mèt ^{Dan 12,10} kontinye fè sa ki pa kòrèk. Moun ki sal

nan Bondye, (*lariyyè dlo vivan*). Tout moun kapab rive nan lavi totalkaptial sa a ki ba nou kè kontan san mank (**pyebwa lavi yo ki toujou donne**). Paske kounye a pa gen anyen Bondye defann moun fè (**madichon** Jen 3,22-24). Jen yon sèl sèvis pou moun fè pou Bondye ak Jezi Kri, epi y ap viv pou toutan.

22,6-12: Nan dènye pati Liv Apokalips la, gen yon koze ant Jan, zanj lan, Jezi epi asanble kretyen kote y ap li liv la: yon asanble litiji, kote yo bay esplikasyon, yo reflechi ansanm, epi yo kenbe mesaj la.

Vini Jezi a gen plizyè etap. Nou wè li nan travay moun k ap kontinye sa li te fè yo: montre laverite, montre renmen Papa Bondye, ki rele

ak peche a, mèt kontinye kite peche a fè li sal. Men tou, sila ki kòrèk la, kontinye fè sa ki kòrèk, sila ki sen an, kontinye vin sen. ¹²Gade, m ap vini talè konsa. M ap pote rekompans m ap bay la ak mwen, pou mwen bay chak moun sa yo merite, dapre sa yo fè. ¹³Se mwen menm ki alfa ak omega, se mwen menm ki premye ak dènye, se mwen menm ki kòmansman ak finisman. ¹⁴Ala chans pou moun ki lave rad yo, pou yo sa gen dwa manje fwi pyebwa ki bay lavi a, pou yo kapab pase antre nan pòtay vil la.

¹⁵Deyò tout chen ak tout moun ki nan maji, nan dezòd, nan krim, nan zidòl, nan fè manti ak nan renmen bay manti.

¹⁶Mwen menm Jezi, mwen voye zanj mwen an pou anonse nou bagay sa yo nan Legliz yo. Mwen se ti kreyòl ki sòti nan ras David lan. Mwen se zetwal ki klere chak maten an. ¹⁷Lespri Bondye a ansanm ak lamarye a di: Vini non. Se pou tout moun ki tande sa di tou: Vini non. Se pou tout moun ki swaf dlo vin bwè dlo. Se pou tout moun ki vle ti gout nan dlo ki bay lavi a, vin resevwa l gratis.

¹⁸Mwen menm menm men sa m ap ^{Dtw 4,2} deklare bay tout moun ki tande pawòl pwofèt ki nan liv sa a. Si yon moun mete nan pawòl sa yo anyen ki pa t ladan li, Bondye va mete tout gwo malè yo pale nan liv sa a, sou do li. ¹⁹Konsa tou, si yon moun wete kichòy

nou pou nou tounen vin jwenn li, pou nou antre nan lavi li a. Nou kapab di Jezi toujou ap vini pou li ede nou, pou nou batí lavi jounen jodi a, ak pou prepare avni nou. Se konsa Jezi k ap vini an ap detwi sa ki mal sou tè a, pou l batí yon tè tounèf ak nou, pou nou.

22,10-11: Mesaj ki nan liv sa a mande pou n aji touswit. Kretyen yo pa dwe rete bra kwaze, paske temwayaj y ap bay la pral mennen moun pran yon desizyon. Reyèlman vre, Pwojè Bondye a pral reyalize, epi li p ap posib pou nou kontinye ap mennen de lavi. Nou pa ka rete yon pye dèyò, yon pye anndan, sa vle di yon pye nan sa ki mal ak yon pye nan sa ki bon.

APOKALIPS 22

nan pawòl ki nan liv pwofèt sa a,
Bondye va wete pòsyon ki ta pou li nan
pyebwa ki bay lavi a ak nan vil ki sen
an, jan yo pale sou sa nan liv sa a.

²⁰ Moun ki garanti laverite tout pa-
wòl sa yo di: Wi, m ap vini talè konsa!
^{1Kor 16 22}
Amèn. Vini non Grammèt Jezi! ²¹ Se pou
favè Grammèt Jezi toujou ak tout moun.

BLANK PAGE 466